


# MWARI WEZERA RINO RAKAIPA

 [Hama Orman Neville vanoti, “Ripoti ino, mushure memusangano wemubatanidzwa webhodhi remadhikoni neremastirii epatabhenakeri Chishanu manheru, tiri kuverenga zvisungo izvi zvine chekuita nemurume wese, nemudzimai wese, uyo akagamuchirwa semuteveri weshumiro ino, angada kuziva pfungwa yebhodhi, mufudzi nemutevedzeri wemufudzi. Ndinoverenga zvisungo izvi mangwanani ano. Munhu wese ngaape kuteerera nokuchangamuka kwazviri kwaunokwanisa.” Hama Neville vanoverenga zvisungo zvinotevera—Mupepeti.]

[“Zvisungo izvi zvakaikwa zvikatenderwa nebhodhi remastirii, nemadhikoni vachiwirirana zvizere nemufudzi nemutevedzeri wemufudzi.]

[“Matepi ose emharidzo dzaRev. William Branham achange achigadzirwa naFred Sothmann oga, kusvikira pazopiwa chimwe chiziviso nebhodhi. Panguva ino haticherechedzi imwe shumiro yakazvimiririra yematepi. Matepi aya ane vakapiwa kodzero paari, zvino haakwanise kugadzirwa nemumwe munhu kunze kwaFred Sothmann kana pasina mvumo yake yakanyorwa.]

[“Chechipiri. Hapana munhu anenge ari kuita misangano, achitengesha mabhuku kana matepi, achinyora matirakiti, achipa machira omunamato kana makadhi emhando ipi zvayo, kana anokumbira zvipo, havacherechedzwe nekereke ino kana nemufudzi wayo. Vari kuzviita pasi pokunyengera, uye havana kupiwa mvumo yokuzviita.]

[“Chechitatu. Kereke ino haina vashumiri vainotumira kunze kunze kwemufudzi wayo, Rev. William Branham, kuti vanova nemisangano kumwewo.]

[“Zvikonzero zvezvisungo izvi ndeizvo zvinotevera:]

[“Takaziviswa kuti vashumiri vari kupfuura nemunyika vachipinda mune dzimwe ungangano, vachiti vanobatirana pamwe, uye vatumwa nekereke ino kuti vaite misangano iyi.]

[“Takaziviswawo zvakare kuti vanhu vari kudhinda makadhi nematirakiti, vachitumira micheka yemunamato nezvakadaro, sokunge vakabvumirwa kuzviita nekereke ino pamwe nemufudzi wayo, chisiri chokwadi. Tingazviyemura kana mukazivisa kereke nezvemunhu wese anowanikwa achizviita.]

[“Zvisungo izvi zvakaverengwa zvikabvumirwa nemufudzi Rev. William Branham, mutevedzeri wemufudzi Rev. Orman Neville, nebhodhi remadhikoni nemastirii.”]

[Hama Neville zvino vanoti, “Dai Ishe vakuropafadzai.”  
Mushumiro yemanheru, 65-0801E, Hama Branham vanotaura  
kuti bhodhi rekereke rakaita sei zvisungo izvi. Chibenga patepi.]

Zvinhu zvinogoneka, tenda chete;  
Tenda chete, tenda chete,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, chete . . .

Ngatikotamisei musoro wedu.

Baba vokudenga Vanodikanwa, tinotenda mangwanani ano kuti tinokwanisa kutenda. Zvakaitwa kuti zvikwanisike kubudikidza neRopa rakadeurwa reMwanakomana weNyu, Jesu, kuti taigova vagoverani venyasha dzaKe; zvino tova vanakomana nevanasikana vaMwari, kubudikidza nokuteerera kwaKe kurufu pamuchinjikwa, tichiruramiswa nokutenda kwaAri nerumuko rwaKe, uye zvino Mweya Mutsvene wakadururwa mumoyo yedu.

<sup>2</sup> Tinotenda nemukana uno wekuuya pano mangwanani ano kuzogoverana pfungwa dzedu nerumbidzo dzedu, zvinotaurika kubudikidza nedzimbo, zvapupu, kuverenga Mapisarema, kuverenga Shoko reNyu, uye takamirira mukudzikama kune Mweya Mutsvene kuti atiunzire Mharidzo yakatemerwa nguva ino. Zviitei, Ishe. Dai tawana betsero nokuva kwedu pano nhasi. Zvino patichabva muchivakwa chino, dai tikataura seavo vaibva kuEmausi, “Moyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achitaura nesu mangwanani ano?” Zviitei zvinhu izvi, Mwari wemunaZiendanakuenda, nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

Garai pasi.

<sup>3</sup> Mangwanani, vashamwari, pano, kunze kuno mutabhenakeri nekushamwari dzedu vari munyika yose, kwese kubva kuWest Coast, zvakare mangwanani ano, kusvika kuEast Coast, nekuchamhembe nekumaodzanyemba, vakabatanidzwa panhare.

<sup>4</sup> Izuva rakanaka kuno kuIndiana, kune tumakore, tushoma, kuchitonhorera, kwakanaka kwazvo. Tabhenakeri yakazara, kunze muruvazhe nokupoterera madziro. Tiri pasi pekutarisira kukuru kuti Ishe vatishanyire nhasi. Uye tine tariro yokuti Mwari vakupai zuva rakanaka kwese kwamuri. Uye izuva rakanaka, nokuti Ishe varipa. Zvisinei kuti mamiriro ekunze akaita sei, izuva rakanaka. Tiri kufara kuve pano, kufara zvakadaro kuti tine mukana wekuratidza kunyika kutenda kwedu munaJesu Kristu. Uye tinoda kutora mukana wese watinokwanisa kuti tipe kuratidza kwedu kwerudo rwaKe pamwe nezvaAkatiitira. Nhasi tiri . . .

<sup>5</sup> Ndapiwa, munguva shoma yapfuura, chi—chiziviso chokuti ndipe, uye ndine zvinhu zvishoma pano zvandiri kuda kutura. Zvino chimwe chazvo, chiziviso chandapiwa maererano nemusangano webhodhi pane umwe usiku. Zvino pane mumwe mudhikoni wemukereke ino ave kugara kuArizona, anova Hama

Collins, hama yedu inoremekedzwa. Zvino pavanenge vasipo, ivo, bhodhi, vasarudza Hama Charlie Cox kuti vatore nzvimbo yavo apo vanenge vasipo. Zvino Hama Charlie Cox vasarudzwa zviri pamutemo nematirastii . . . kana kuti bhodhi remadhikoni ekereke ino, kuti vatore hofisi yeHama Collins, pavanenge vasipo.

<sup>6</sup> Zvino chimwe chinhu chandiri kuda kutura, zvakare, ndinoda kutenda imi mose vanhu, nokuti vamwe venyu vanozaenda kumba tisati tava neshumiro yekupodzwa manheru, nokuda kwezvipo zvakanaka zviduku, zvipo. Chikafu chakawanda chakaunzwa kwatiri kubvira pose apo tanga tiri kuno. Uye kubva kumudzimai wangu pamwe neni, nemhuri yangu, tinonyatsozvikoshesa zvikuru. Dzimwe nguva ndinokanganwa kutotaura chimwe chinhu nezvazvo. Pane basa rakawanda, munoziva. Pfungwa dzangu dzinenge dzichipishana zvikuru nguva dzose. Munogona kufungidzira zvazviri, kuvanhu, kwete bedzi vanobva pano mukereke ino, asi vanobva kwakapoteredza pasi rose. Maona? Zvino zvinondichengeta ndiri mubishi-bishi nguva dzose.

<sup>7</sup> Mumwe munhu anga achitaura nezvekukumikidzwa kwevacheche, neshumiro yerubhabhatidzo, nezvimwewo zvakadaro. Zvakanaka kwazvo. Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kuzviita, asi zviri pakamanikidza zvikuru, ha-handitomborina nguva yacho. Ndinofanira kuchengeta pfungwa yangu iri pane izvi, Mharidzo ino. Munoziva Bhaibheri rakati kuvaapostori, kana kuti . . . Vaapostora, waro, muBhaibheri, vakati, “Endai, munozvitsvakira, pakati penyu, varume vane kupupurirwa kwakanaka, uye vakatendeke vakazadzwa neMweya Mutsvene, kuitira kuti vaone nezvenyaya idzi.” Zvino ndaudza Billy . . .

Ati, “Muri kuzokumikidza mwana here panguva ino, baba?”

Ndikati, “O, ini zvangu!” Maona? Kana . . . Tine vakawanda vavo vakamirira kukumikidzwa, uye ndizvo chaizvo, ndichatongodzoka ndotoro zuva rakatsaurwa rekukumikidza vana. Saka ndinoda kuzviita, zvino.

<sup>8</sup> Asi tinoda kutenda mumwe nomumwe wenyu kubva pamoyo yedu; mudzimai, ini, nemhuri yedu. Vanhu vakatiunzira chikafu chemumagaba, bhinzi nyoro, manwiwa, mapudzi, o, mastrobheri. Chero chingafungwa, vakachiunza.

<sup>9</sup> Imwe hama yakakosha nehanzvadzi yayo, rimwe zuva, vakatiunzira zigarikuni rakakura kwazvo. Ndichiri kuridya. Uye saka chingo . . . O, zvino ndiri kufanira kuritsvaira rose ndisati ndaenda, ndinofungidzira kudaro. Saka kana ndikasazviita, mudzimai acharitora toenda naro. Zvino saka—saka ticha . . . Tinotenda zvirokwazvo nokuda kwezvinhu izvi. Ndinoziva vakawanda vevanhu vacho; vamwe vacho handivazive. Vachange

vari muvheranda pandinouya. Uye nokudaro ndinozvikoshesa kwazvo.

Uye vakawanda ndinovaziva. Ndine . . . Ndaona vakawanda, uye pane vakawanda vandisingakwanise kuona. Ndi—ndine chokwadi chokuti munhu wese anozvinzwisisa kuti ndi—ndinoda kusvika kumunhu wese dai ndaikwanisa, asi ndinongori munhu mumwe chete. Maona? Ku . . . Handikwanise kuenda kumunhu wese. Ndiri kuita zvose sokuziva kwandinoita kuzviita.

<sup>10</sup> Saka, Mwari ave nemi. Ndine chokwadi chokuti pane Mumwe achange ainemi; ndiye Jesu Kristu, uye Anokwanisa. Ndiye Munhu wega ari kwese-kwese. Uye zvakare Ane masimba ose, saka Anokwanisa kupa zvose zvinodikanwa. Uye, anoziva zvose, zvakare anoziva zvitsvako zvako, zvezvauri kuda.

<sup>11</sup> Ndinoraira munhu wese kuti handisi . . . Ndanga ndiri kukurumidza sokukwanisa kwangu, kunyange pandanga ndiri pano mangwanani ano, ndichatora munhu wese wandinogona. Uye kana . . . Vandinopotsa, Mwari samasimba vacha—vachakupai zvishuwo zvenyu maererano nehupfumi hwaKe huri Mukubwinya.

<sup>12</sup> [Hama Branham vanombomira zvishoma, vozotaura neHama Neville—Mupepeti.] Handikwanise kunyatsozviverenga zvakanaka. Mungazviverengawo here?

Chiziviso chakatsaurwa cheimwe mhando. Zvino ndinofunga kuti Billy Paul anofanira kunge ari iye achinyora. Saka akafanana neni; handikwanise kana kuverenga zvakadinenge ndanyora pachangu. Uye saka ndine manyorero ekupfupisa angu ndega. Kana mukaona zvimwe zvinyorwa zvangu pano, zvakanyorwa pano, munofunga kuti mungazvinzwisise? [Hama Branham vanoratidza zvinyorwa zvavo kuungano, zvino vanoseka pamwe chete navo—Mupepeti.] Ndine chinenge nyeredzi, chiri kuyambuka zambuko, nezvimwe zvakadaro, zvinongori zvose . . .

[Hama Neville vanoverenga chiziviso—Mupepeti.]

Hama Adair, Adair vekuArkansas, vaone Rev. Peary Green kumashure kwekereke izvozvi. Zvakanaka.

<sup>13</sup> Zvino, saka chimwe chinhu chandiri—ndiri kuda kuzivisa pano nde—ndechokuti, manheru ano zvino achave eshumiro yekupodzwa. Tiri kuzonamatira varwere nhasi manheru, uye saka ndi—ndinovimba kuti muchange muripo pano.

<sup>14</sup> Zvino tinotumira kwaziso kuvanhu vose kunze uko munyika yose, nemuZita raShe Jesu, kuti Mwari vachakuropafadzai mangwanani ano. Vamwe venyu mave kuda kutotarisa nenguva dzemasikati. Kumusoro kuNew York, kwave kuda kusvika panguva dzemasikati. Zvino kunze kuArizona, kuWest Coast, dzinongori pedyo neseven o'clock. Saka pane . . . Zvino

pano tiri pakati chaipo. Saka Mwari vakuropafadzei pamuri kuteerera. Zvino zvinogona kuita sokunge . . .

Ndakazviisa mumoyo mangu, apo ndanga ndiri pano . . .

<sup>15</sup> Uye handina kutenderwa kuti ndiwane maodhitoriyamu, zvino pakupedzisira vakazoita sokutipa mvumo; taikwanisa kuva neshumiro imwe chete, asi hataifanira kunamatira vanorwara. Ini—ini handi . . . Ndiyo shumiro yangu. Ndinofanira kuita zvandinenge ndaudzwa neMweya Mutsvene kuti ndiite. Saka nda—ndakairamba, nokuti ndinoda kunge ndakasununguka kuita chero chinotaurwa neMweya Mutsvene kuti ndiite. Maona? Saka ndakafunga kuti tinogona kungotsungirira rimwezve zuva, zvakadaro, mutabhenakeri. Zvino kuri kutonhorera mangwanani ano. Ishe vangotigadzirira zuva rakanaka pano, nokudaro tinotenda.

<sup>16</sup> Zvino, mukuita izvi, ndauya kuno kuzodzidzisa Ndiro dzematenda dzokupedzisira, Ndiro dzematenda Nomwe dzokupedzisira, neHwamanda Nomwe dzokupedzisira, neMihinimira Minomwe yokupedzisira, yemuBhuku reZvakazarurwa, tichizvibanidza pamwe chete munguva ino yatiri kurarama zvino; kutevera kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe, Mazeru Manomwe eKereke. Saka, hatina kuwana nzvimbo yekuti tizviite. Saka ndi—ndine tariro yokuti, pandinenge ndangokwanisa, ticha . . . tichagona kuwana nzvimbo inokwana kuitira izvozvo, mungava muno kana muLouisville, New Albany, kana kudzika tende, kuitira kuti tizogona kungogara chero Ishe vachititungamira kuzviita.

<sup>17</sup> Asi mune izvi zvino, ndatora mukana uno kuratidza kuvanhu zvandinotenda pamwe nokutenda kwangu munaMwari, uye zvakadaro ndokuunzai kunguva iyo yatiri kugara mairi. Zvino naizvozvi, hazvina mumwe munhu wazvakanangana naye, zvitendwa, chero zvachingave; zvinongori sokuona kwandinoina Shoko raMwari. Uye musi weSvondo wapfuura takava nekudururwa kwakaisvonaka kweMweya paShoko. Yakanga yakareba kwazvo, uye handina kufarira kugara zvakareba kudaro; asi zvakadaro hatizive kuti inguva ipi patichazosangana kekupedzisira. Zvino tinofanira, sekuti . . . toda kuva. Ndinoda kuva, waro, saPauro akataura kare, “Handina kutya kukuparidzirai Zano rose raMwari.” Jesu Akati haana chaakarega kuudza vadzidzi vaKe.

Uye sezvo ini, ndanga ndakabatikana kwazvo nokuedza kugara pasi pechizoro cheMweya Mutsvene, kuti ndiwane kuti i—inguvai, iyo Mharidzo yenguva mairi, dzimwe nguva ndinokundikana kubuda panze ndonoina mabasa angu semuranda waKristu, semushumiri. Asi ndine varume vakawanda vanoedza kundibatsira kuzviita, zvinova zvandinotenda nokuda kwazvo, hama dzangu dzose vashumiri.

<sup>18</sup> Zvino, handisi kuedza kuchengeta vanhu. Kana imi, kunze uko munyika kuri kuenda Mharidzo, maikwanisa kumira motarisa mukati muno mose mekereke ino mangwanani ano, munzira pakati pezvigaro, munorererwa vacheche, kunze, maredhiyo akabatidzwa, mumabhazi, mumatirera, nezvakadaro, nemudzimotokari, maiona kuti idambudziko rakadini. Zvino shumiro yoga-yoga, vazhinji, vazhinji vanouya vachityaira; nekufona, nezvakadaro, vakatadza kupinda kana kuve pedyo. Zvino tinoda nzvimbo yakawanda kuitira kuti vanhu vagone kugara pasi uye vange vakadekara.

Uye zvadaro nokuunza kuMha—Mharidzo yandinofunga kuti yakakosha zvikuru, ndinonzwa tose tinofanira, tose, kunge takadekara tigere pasi, zvino saka tinogona kuteerera; tiine mapenzura nemapepa edu, nezvinyorwa nemaBhaibheri, nezvakadaro, kuti tinyore pasi zvi—zvinyorwa. Asi nenzira iyi ndafunga kuti ndinodzokera kunguva iyo yatinayo, yatiri kurarama mairi, zvino ndoedza kuunza zvimwe zvezvinhu izvo zvamuchasangana nazvo. Uye muchazoda kunge muinazvo.

<sup>19</sup> Kana ndikauya pano nhasi, kana rimwewo zuva, kana mumwewo mushumiri, kuedza kuunza mharidzo kuvanhu, vanhu vari kufa sezvatiri, uye nguva yave pedyosa kwazvo, sokutenda kwandinoita zvemuzuva rino; ndingava munyengeri ndikaedza kuunza chimwe chinhu chandinoziva kuti imi chinokufadzai asi chinenge chichipesana neShoko raMwari, kana chimwe chinhu chinounganidza mhomho yevanhu, kana—kana chimwe chakadaro; ini—ini handingambova. . . ini handingambova zva—zvandavinga pano kuti ndive, mushumiri waKristu. Ndinoda kuunza chimwe chinhu chandinofunga kuti chine basa guru kwamuri, kwete kungoonekwa; asi kufunga kuti chimwe chinhu chokuti kana ndikafa nhasi, mangwana chinenge chakabairira mumoyo mako kuti uenderere mberi ugoshumira Mwari.

<sup>20</sup> Iye zvino ndinoda kutaura kuti pane chimwe chinhu chave kugadzirira kuitika. Ndinozviziva. Vazhinji venyu pano munorangarira apo Hama Junior Jackson vakauya kwandiri nguva shoma tisati taenda kuArizona, pamusoro pechiroto chavakava nacho. Chinhu chinoshamisa! Vangani vanozvirangarira? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino Ishe vakatipa dudziro, uye zvikaitika nemazvo. Zvino, vachangobva kuva nechimwe chiroto, chimwewo.

<sup>21</sup> Zvino chinhu chinoshamisa, mumwe murume akanga ari pano rimwe zuva, anobva kuOregon. Haatombondizivi zvachose, uye akanga. . . akarota chiroto chimwe chete potse, icho chakarotwa naJunior Jackson, zvino—zvino akauya ndokundiudza. Ha—handizive dudziro yacho; ndakamirira Ishe. Asi ndinoziva kuti chichange chiri chinhu chinobva kunaMwari. Ingozviringarirai. IZVANZI NAJEHOVHA. Chimwe chinhu chiri kuuya chichibva kunaMwari. Handisi kuziva kuti chii.

Chinonyatsoshamisa, chinoshamisa kwazvo! Zvirokwazvo, zviri maererano ne—nezviroto izvo varume vaviri. . . Mumwe wavo ndai. . . anogona kunge anga ari muBaptisti, Presbyterian. A—anogona kunge agere muno mangwanani ano. Handizive. Akanga ari pano rimwe zuva. Handizive murume uyu.

<sup>22</sup> Asi akataura chiroto ichi, aine misodzi mumaziso ake. Zvino chakamuzunguza. Akauya nzira yose achibva kuOregon, kuzochitaura. Hama Jackson vauya nenzira imwe chete iyoyo, mangwanani ano. Varume ava vasingazivane; mumwe, ari chiuru chemamaera kubva kune mumwe, uye zviroto zviviri zviri chaizvo pachinhu chimwe chete. Saka Mweya Mutsvene wakabata dudziro yacho kubva kwandiri. Handizive zvokuudza murume wacho. Asi ndinoziva kuti Mwari vane zvavari kuda kuita, uye zvichange zvichibwinya mumaziso edu.

<sup>23</sup> Zvino, Mharidzo mangwanani ano, ndinoda kuverenga kubva muBhuku ravaGaratia. Handiparidze kana kungo. . . Chidzidzo cheSunday school. Uye zvino, imi varume nemadzimai makamira nemadziro, zvino kana mumwe munhu achida kuchinjana nemi okuita kuti umbogara pasi zvishoma, kana zvimwewo, zvino, hamumbondikanganise; ingovai noruremekedzo. Zvino kana vanaamai, vaduku vavo vakachema kanawo zvimwe, mumwe munhu achabuda kubva mukamuri yekurerera vana kuitira kuti vagowanawo nzvimbo yemuduku uyu.

<sup>24</sup> Uye zvino torai mapenzura enyu, Bhaibheri, zvino mogadzirira kunyora pasi Magwaro ayo atichaverenga. Handidi kuti munzwe kusungikana. Ndinoda kuti munzwe—ndinoda kuti munzwe kuve makasununguka kugara pasi muchinzvera. Zvino unogona kusawirirana nazvo, izvozvo zvakangonaka. Asi ndiri kungotaura izvi munyika yose mangwanani ano, kuitira kuti vanhu vakatenda Mharidzo iyo Ishe Jesu vakandipa kuitira nguva ino, vagoziva zviri kuitika, pamwe nokuzviisa muMagwaro.

<sup>25</sup> Musi weSvondo wapfuura takataura nezve*Vazodziwa Muzuva Rokupedzisira*. Uye kana iwe, chero ani wenyu, vanoteerera matepi, ivai nechokwadi chokuwana tepi iyi. Kwete kuti tinoda kutengesa matepi; handiyo nyaya yacho. Inyaya yekubuditsa Mharidzo kunze. Maona? Maona? Kana uine muchina wematepi, unganidza boka revanhu pamwe chete, zvino woiridza, monyatsoteerera. “Vazodziwa.”

<sup>26</sup> Unonzwa vanhu vachisimuka vachiti, “O, Bhaibheri rakati, ‘Mazuva okupedzisira, vaporofita venhema vachasimuka pamwe nokuita zviratidzo izvi.’” Ndizvozvo chaizvo zviri Gwaro. Zvino izvozvo zvinoshanda pasi? Zvinofanira kuiswa pakafanira.

Manheru ano ndinoda kutaura zvokuti, kana Ishe vachitendera, nezva: *Mwari Achizarurwa Mushoko RaKe*, zviri zvokuti ziso harikwanise kuiswa panofanira kunge paine

nzeve. Maona? Zvakangofanana nokudhindha Bhaibheri rose, uye, muBhaibheri rose, rinoratidza Jesu Kristu. Saka ndinoda kutaura nezvazvo manheru ano, Ishe vachida. Uye zvino, kana zvisizvo, pane rimwe zuva riri mberi.

<sup>27</sup> Zvino muBhuku ravaGaratia. Uye muBhuku reChipiri revaKorinte 4:1 kusvika 6, tevere vaGaratia 1:1 kusvika 4, ndiri kuda kuverenga rimwe Gwaro. Zvino munavaGaratia 1:1 kusvika 4, “Pauro, muapostora,” tarirai kumira nokukasika. *Muapostora* zvinoreva “uyo akatumwa,” kana, “mumishinari.”

*Pauro, muapostora, (usina kubva kuvanhu, kana kutumwa nomunhu, asi . . . Jesu Kristu, naMwari Baba, wakamumutsa kuvakafa)*

*Nehama dzose dziri kwandiri, kukereke dzeGaratia:*

*Nyasha norugare ngazvive nemi zvinobva kunaMwari Baba vedu, naShe Jesu Kristu,*

*Wakazvipa nokuda kwezvivi zvedu, kuti atisunungure kunyika yakaipa yazvino, nokuda kwaMwari . . . Baba vedu:*

*Ngaave nokubwinya nokusingaperi-peri. Amen.*

<sup>28</sup> Zvino muBhuku reChipiri revaKorinte, chitsauko 4, tiri kuzoverenga kubva pandima, 1 kusvika 6.

*Saka zvatinako kushumira uku, patakanzwirwa ngoni napo, hatineti;*

*Asi takaramba zvinhu zvakavanzika zvekunyengera, tisingafambi nemano, kana kubata shoko raMwari nohunyeri; asi pakuratidza kwedu zvokwadi tinozvitenzisa kuhana dzevanhu vose pamberi paMwari.*

*Zvino kana evhangeri yedu yakafukidzwa, yakafukidzwa kune vakarasika:*

Kana izvozvo zvisingaunze kutemera, handizivi chinoviiita.

*Kune vasingatendi vakapofomadzirwa ndangariro namwari wenyika ino, kuti varege kuwhenekerwa, nechiedza cheEvhangeri yokubwinya kwaKristu, uri mufananidzo waMwari.*

Zvimwe chete sezvazvaive mubindu reEdheni, “Vabuditsei kunze, zvichida vangazobata Muti uyu.”

*Nokuti hatizviparidzi isu, asi Kristu Jesu kuti ndiye Ishe; . . . nesu varanda venyu nokuda kwaKristu.*

*Nokuti Mwari, wakareva kuti chiedza chibude parima, akavhenekera mumoyo yedu, uye kuti atipe chiedza chokuziva kubwinya kwaMwari kunoonekwa pachiso chaJesu Kristu.*



<sup>29</sup> Ameni! Ndizvo zvinoreva Shoko! Zvino, chidzidzo changu mangwanani ano, ndechokuti: *Mwari WeZera Rino Rakaipa*. Sokuverenga kwataita muMagwaro, “mwari wenyika ino, zera rino rakaipa.” Zvino, Mharidzo ino inoratidza pachena huipi hwezera rino rakaipa, uye inokwana kupa chiporofita kuzera rino rakaipa.

Uye ndiko kutenda kwangu kuti zvose...kuti Bhaibheri rine mhinduro dzose kuzera rose, zvakatofanonyorwa kare muBhaibheri, kuitira mutendi wezera iroro. Ndinotenda kuti zvose zvatinoda zvakanyorwa imo *Muno* chaimo, zvinongoda kududzirwa neMweya Mutsvene. Handitendi kuti pane munhu hake panyika ane kodzero yekuisa dudziro yake paShoko. Mwari havadi mumwe munhu kuti adudzire Shoko raVo. Ivo Vanozvidudzirira pachaVo. Vakati Vaizozviita, uye Vanozviita.

<sup>30</sup> Sezvandakataura nguva dzakawanda. Vakati, “Mhandara ichabata mimba,” Vakazvitaura kubudikidza nemiromo yemuporofita, zvino mhandara yakazviita. Hapana anofanira kuzvidudzira. Pakutanga, Vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye chikavepo. Hapana anofanira kuRidudzira. Vakati, “Mumazuva okupedzisira, Vachadurura Mweya waVo panyama yose,” uye Vakazviita. Hazvidi ani zvake kuti aZvidudzire. Vakati, “Mumazuva okupedzisira, zvinhu izvi” (zvatiri kuona zvichiitika zvino) “zvazvichange zviri pano.” Hazvidi kududzirwa. Zvakatodudzirwa kare. Maona?

<sup>31</sup> Iye zvino, nyatsocherechedzai zvino patiri kunzvera Shoko. *Mwari WeZera Rino Rakaipa*, ratiri zvino kurarama mariri. Zvinogona kuita sezvisinganzwisisike, chinhu chisinganzwisisike kwazvo, muzera rino renyasha, apo, “Mwari vari kutora vanhu nokuda kweZita raVo,” anova Mwenga waVo, muzera rino rakaipa rinofanira kudana kunzi zera rezvakaipa. Iro zera racho rokuti “Mwari vari kudana vanhu nokuda kweZita raVo,” nenyasha, kunze, zvino rinonzi zera rakaipa. Zvino, ticharatidza neBhaibheri kuti rino ndiro zera raVaitaura nezvaro. Zvinoshamisa kwazvo kufunga zvakadaro, kuti muzera rakaipa serino, kuti Mwari ipapo vachange vachidana Mwenga waVo.

<sup>32</sup> Macherechedza, Vati, “vanhu,” kwete “kereke.” Sei? Asi, Inonzi Kereke, asi anozodana “vanhu.” Zvino, kereke iungano yevanhu vakawanda vakasiyana-siyana. Asi vari kudana mumwe pano...Havana kuti, “Ndichadana maMethodisti, Baptisti, maPentekosti.” Vakati vaizodana vanhu. Kuitirei? Zita raVo. Munoono, vanhu; mumwe kubva muMethodisti, mumwe kubva muBaptisti, mumwe kubva muLutherani, mumwe muKatorike. Maona?

Asi vari kudana, kwete boka rekereke, asi “vanhu kuitira Zita raVo,” vanogamuchira Zita raKe, vakatsidzirana muZita raKe, vari kuenda kumuchato kunoroorwa naYe, kuti vazova

chikamu chaKe, munoona, nokutemerwa. Sezvakangoita murume anosarudza mudzimai akamufanira muhupenyu, ainge akatemerwa kuva chikamu chemutumbi wake. Saka, naizvozvo, Mwenga waKristu uchadaro, uye utori zvino, kubva kare, wakatemerwa naMwari kuva chikamu cheMutumbi uyu. Maona? O, Magwaro akapfuma kwazvo, azere nehuchi!

<sup>33</sup> Cherechedzai, kwete zvakataurwa nemumwe munhu, kwete vakadanwa nemumwe munhu; asi vakasarudzwa naMwari nyika isati yavambwa, uye Vari kudana vanhu ava mumazuva okupedzisira; kwete sangano. “Vanhu kuitira Zita raKe.” Zvino zera rino rakaipa ndipo paVari kuzviita, zera rino rekunyengera.

<sup>34</sup> Svondo rapfura, munaMateo 24, ndiro raiva zera rine hunyengeri hunodarika mazera ose. Ose mazera ohunyengeri, kubva mubindu reEdheni, zvichidzika kwese, hakuna kumbova nezera raive nehunyengeri sezera rino. “Vaporofita venhema vachasimuka vagoratidza zviratidzo nezvishamiso, dai zvaikwanisika kuti vanyengere ivo Vasanangurwa.” Maona? Zvino, makereke akangotonhora, ane hurongwa, akawomarara, nezvimwe zvakadaro, edzidzo dzebhaibheri dzakagadzirwa nevanhu, izvozvo hazvaigona; Vasanangurwa havaimboita basa nezvakadaro. Asi zviri kumusoro uko kwazvakada kuita sechinhu chaicho. Kungosiya Shoko rimwe chete ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Rakavimbiswa rezera; nguva huru kwazvo! Makristu, kwese-kwese, cherechedzai nguva yatiri kurarama mairi! Nyorai pasi, muzviverenge, uye mutererese.

<sup>35</sup> Ko Mwari vangadanirei vanhu kubva muzera rino rakaipa, kuitira Zita raVo? Chikonzero chacho, ndechekuMuyedza, Mwenga waVo. Kuitira kuti... PaAnoratidzwa, amboyedzwa, aratidzwa, aratidzwa kunaSatani. Sezvazvaiva pakutanga, ndizvo zvazvichave pamagumo.

<sup>36</sup> Sembeu painotangira muvhu, inokwira ichiuya nemuvatakuri, hupenyu hwayo, asi inoguma yave mbeu imwe chete sezvayaiva payakapinda muvhu.

Uye nzira imwe chete iyo mbeu yekunyengera yakawira muvhu, muEdheni, ndiyo nzira imwe chete yainoguma nayo mumazuva okupedzisira.

Sezvaiva zvakaita Evhangeri payakawira musangano paNicaea, Rome, inoguma yave musangano repamusoro-soro.

Sezvakaite Mbeu yeKereke yakadonha kareko, nezviratidzo, zvishamiso, naKristu mupenyu pakati pavo, inoguma mumazuva okupedzisira pasi peshumiro yaMaraki 4, zvino yodzoredza zvakare Kutenda kwepakutanga kwakambopiwa.

<sup>37</sup> Tinoona zvino, zera rino rakaipa riripo kuratidza, kunaSatani, haAna kufanana naEvha, uye kuti haAsi mhando yakadaro yemudzimai. Uye Achayedzwa neShoko raKe, Mwenga, semwenga waAdhama akayedzwa neShoko. Zvino mwenga waAdhama akatenda chikamu chose cheShoko, rose,

asi ndokuvhiringika pavimbiso imwe chete, yokuti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” nhasi, munoono; asi ndokukundika pavimbiso imwe chete, pasi pemuyedzo wemuvengi, vakatarisana chiso nechiso. Uye zvino, vanhu vakadanirwa Zita raKe, saizvozvo, ndivo Mwenga waKe. Ari kuuya kuzosangana zvakare nechihu chimwe chete; kwete bedzi nechokwadi chemasangano kanawo zvimwe, asi Shoko rose!

<sup>38</sup> Nokuti, pakutanga kweBhaibheri, munhu akapiwa Shoko raMwari kuti ararama naro. Shoko rimwe chete, risina kududzirwa nemazvo nemu—murume anonzi Satani, ari mumutumbi wemhuka ainzi chikara. Satani, ari mumutumbi uyu, aikwanisa kutaura naEvha, zvino ndokududzira Shoko zvisiri izvo kwaari, ndokubva arasika. Munoono, Rinofanira kunge riri Shoko rimwe nerimwe.

<sup>39</sup> Pakati peBhaibheri, Jesu akauya ndokuti, “Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko rose,” paAkayedzwa naSatani.

Zvino, Mwari vari kutiudza pano mumazuva okupedzisira, kuti, “Mwari wenyika ino achasimuka mumazuva okupedzisira.”

“Uye ani naani achawedzera shoko rimwe chete kwaRiri, kana kubvisa Shoko rimwe chete kwaRiri, chikamu chake chichabviswa muBhuku reHupenyu.”

Mwari vatinzwire tsitsi! Uye ngatisafambe semashati akawomarara, zvipfuva zvakabuditswa kunze, musoro mudenga, anoziva zvose, nokuti nesuwo pane imwe nguva taive mukusateerera. Ngativei nenyasha, nengoni, nekunzwira mumoyo yedu kunaMwari, touya mukuzvininipisa kuChigaro chenyasha.

<sup>40</sup> Zvinoshamisa zvino, mushure memazana gumi nemapfumbamwe emakore ekuparidza Evhangeri, uye zvino iye mudzimai, zvichireva hurongwa hwenyika, hwaipa kudarika mazuva ayo apo, paAkanga ari pano. Hurongwa hwenyika hwawedzera kuipa. Nyika yave kusvika panhongony’n’a huru. Munozviziva izvozvo. Ishe vari kuzadzikisa Shoko raVo kwese-kwese.

<sup>41</sup> Nezuro, ndakamira...Ndine tariro yekuti muchinda muduku haazo...Haazodaro. Ndakanga ndauya nemudzimai wangu, naMai Wood, Hama Roy Roberson, pane imwe nzvimbo kuno, Hama Wood, tanga tamira pano paYoungstown Shopping Centre duku, kuti titore imwe pa—pasuru yaiva naHanzvadzi Wood. Zvino ne...pataive takamirapo, mumwe muchinda wechidiki akafamba ndokuuya ipapo ndokuzvizivisa, zvino munhu wandisingazivi. Mumwezve murume wechidiki akafamba ndokuuya ndokuti vaibva zvimwe kuda kuAlabama, Georg-...ndinotenda Georgia, nokuti ndakavabunza

kana vaiziva wedu Hama Welch Evans. Zvino takataura kwemaminitsi mashoma. Zvino pandakanga ndave kuenda, mujaya uyu akanditarisa. Apo mumwe muchinda uya nemwanakomana wake muduku vakanga vofamba vachienda, mujaya uyu akanditarisa. Akati, “Chinongori chinhu chimwe chete chandiri kuda kutaura.”

Ndikati, “U—uri mutendi here? Uri Mukristu?”

Ndokuti, “Kwete, changamire.” Akati, “Ndaka. . .”

<sup>42</sup> Ndinogona kutadza kudzokorora shoko chairu raakataura pano, asi aigona kunge aive nekakushora. Ndakanga ndamubvunza nezvezvinhu zvekuonekwa kweMutumwa waJehovha. Zvino iye ndokuti akambonzwa nezvazvo, asi haana kumbobvira akaenda kukereke, kereke ino. Ndikati, “UnoZvitenda here?”

Ndokuti, “Hongu, changamire.” Akati, “Nda—ndanga ndakatarisa chimwe chinhu.” Ndokuti, “Vanhu vanga vachindudza pamusoro pezvakanotaurwa izvi pamwe nezvimwe, uye ndakanzwa patepi kuti makaporofita kuti California yaizotsemuka sei saizvozvo.” Zvino ndokuti, “Zvino pandakazviona mupepa, ipapo ndakazvitenda.” Akati, “Ndiri kuuya nhasi kana mangwana,” ari nhasi, “kecutanga kangu.”

Ndakati, “Mwari vakuropafadze, mwanakomana,” ndokutanga kumugwinha ruwoko rwake.

Akati, “Asi ndinoda kutaura chimwe chinhu kwamuri, changamire.” Akati, “Ndakarasika zvokurasika zviya.” Akati, “Ndakaita sekobiri riri mumurwi wejecha, ndakarasika!”

<sup>43</sup> Ndikati, “Asi haufanirwe kugara wakadaro. Pane Mumwe akamira pano zvino Anokwanisa kukuwana panguva iyo yaunenge wagadzirira kuwanikwa.”

Iye ndokuti, “Ndakagadzirira.”

Ndikati, “Ungakotamisa here musoro wako?”

Iye ndokuti, “Handisi kunyara.”

Kwete izvozvo zvoga, akagwadama nemabvi ake, imomo munochengeterwa motokari, pamberi pevanhu vose. Vanhu vaive mumugwagwa vakamutarisa. Ipapo takanamata naye, kusvikira apira moyo wake kunaMwari. Akauyako, ari mutadzi; ndokudzokera, ave mwana waMwari. Akafamba nepadivi remotokari, akafa; ndokudzokera, ave mupenyu.

<sup>44</sup> Ndikati, “Chidziva chichange chakazarurwa mangwana.”

Riripo tsime rizere neRopa,  
Rakatorwa kubva mutsinga dzaImanueri,  
Apo vatadzi vakapinda pasi pemafashama,  
Vanobvisa madzvanga ose okupomerwa.

Ndakati, “Simuka ubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, uchidana paZita raShe. Mwari vachakuzadza neMweya

Mutsvene, uye vagokupa zvinhu zvikuru izvi, vagokuita kuti uZvione.”

<sup>45</sup> Chii? Nyika yave kusvika panhongonyn’a. Sei? Mweya wekusatevera mirairo, kuora kwehunhu hwevanhu, chinamoto chesainzi, zvaitungamirira kune “nhare inogara shiri dzose dzinovengwa uye dzine tsvina,” sokutaura kwakaita Bhaibheri. Ngatizviverengei, Zvakazarurwa 18. Patiri kungoti tichitanga panyaya iyi, tinotora Zvakazarurwa 18:1 kusvika 5. Ndinofunga kuti ndazvinyora kwazvo.

*Shure kwaizvozvi ndakaona mumwe mutumwa achiburuka kudenga, aine simba guru; zvino nyika ikavhenekerwa nokubwinya kwake.*

*Akadanidzira zvine simba nenzwi guru, (zvino imi vanhu makava nezviroti)...achiti, rawa, rawa Bhabhironi guta guru, yava nzvimbo munogara mweya yakaiipa, nenhare yemweya yose yetsvina,...nhare yeshiri dzose dzine tsvina dzinovengwa.*

*Nokuti marudzi ose akanwa hwaini yokutsamwa kweupombwe (hwekereke) hwaro, namadzimambo enyika akaita upombwe naro, navatengeseni venyika vakapfuma kwazvo kubudikidza nehuwandu hwezvinotapira zvaro.*

*Zvino ndakanzwa rimwe inzwi rinobva kudenga, richiti, Budai mariri, vanhu vangu, kuti murege kuwadzana naro pazvivi zvaro,...mugorega kugamuchira matambudziko aro.*

*Nokuti chivi charo chasvika kudenga, Mwari vanorangarira kusarurama kwaro.*

<sup>46</sup> Iyambiro yakadini! Zvinokandira kereke kudzokera kuna Zvakazarurwa 3:14, muzera reRaodhikia, rine kusatevera mirairo; rezvinamoto zvachose, asi pasina kutevera mirairo. “Iwe, nokuti unotaura kuti, ‘Takapfuma, hapana chatinoshaya,’ hauzive here kuti hauna kusimira, unonzwisa urombo, uri bofu, uye hauzvize.’” Zvakanyatsokwanirana neGwaro rezera rino, kwete zveGwaro rezera raDhanieri, kwete reavo vari muzita re...zera raNowa, asi muzera rino rokupedzisira, rakaipa.

<sup>47</sup> Cherechedzai pano, “Hauna kusimira.” Regai zvisinine zvakanysodzika. Ndinoziva kuti ndinogona kuwana kusawirirana neni kwakawanda papfungwa iyi, asi zvasvika panzvimbo yokuti Mukristu haambokwanisi kubva mumba make akasaunzwa muhupo hwezera rino rakaipa, nemadzimai asina kupfeka zvakanwana.

<sup>48</sup> Madzimai, ndiri kuzotaura izvi, uye ndinoda kuti muteererere. Uye, varume nemadzimai, munogona kusawirirana nazvo, asi ndiri kunzwa kutungamirwa kuzvita. Manga muchiziva here, mukadzi wese anokumura hanzu dzake saizvozvo haana

pfungwa dzakakwana? Munoziva here, zvaari, kunyangwe achizvitenda kana kuti kwete, kana kusafunga kudaro, anenge ari chipfeve? Kunyange mudzimai uyu anokwanisa kumira neruwoko rwake pamberi paMwari agopika kuti haana kumbobatwa kana nemumwe murume kunze kwemurume wake, uye chinogona kunge chiri chokwadi chizere, asi zvakadaro anongori chipfeve. Jesu akati, “Ani naani anotarisa mudzimai akamuchiva atoita upombwe naye kare.” Uye mudzimai anogona kunge. . .

<sup>49</sup> Munoono, mudzimai “akashama,” Bhaibheri rakati, “uye haazvizive.” Mweya uri kumuzodza kuti aite zvinhu zvakadaro mweya wakaiya, wehupfeve. Munhu wake wekunze, mutumbi wake, nyama yake, anogona kunge akachena. Anogona kusaita upombwe zvachose, uye agogona kupika kunaMwari uye chigova chokwadi, kuti haana zvachose, asi mweya wake mweya wehupfeve. Akanyatsopofomadzwa namwari wenyika ino wefashoni; anenge akazvipfekedza zvinodenha ruchiva zvino obuda kunze uko.

<sup>50</sup> Rimwe zuva, Hama Wood neni taiisa igwa redu murwizi. Ndainge ndichambobva pamba kwemaminitsi mashoma, kumbokwidza nerwizi. Zvino kwese kwawaienda, madzimai ainge aine mabutwa maduku ezviya. . . zvinonzi makini kanawo zvimwe, pavari. Izvozvo zvinonyadzisa. Mudzimai haagone kunge ari mupfungwa dzake dzakakwana zvino opfeka chinhu chakadaro. Akagarwa nemweya wehupfeve. Zvino, izvozvo unopedzerana naMwari, mudzimai, nokuti uchaona rimwe zuva kuti izvozvo iChokwadi.

<sup>51</sup> Ko ungarirei, mudzimai, uchiziva kuyereswa kwakaitwa muviri wako, zvino wouisa pachena kune madhimoni ane ruchiva, akazara nezvivi ari kufamba mumugwagwa wezuva rino? Kana vanakomana vaMwari vanga vose vachiri vanakomana vaMwari, murume wako ari mwanakomana waMwari, aizokuita kuti upeke nguwo kana kuti aikusiya. Kana mukomana ari mwanakomana waMwari, haaimboroora chinhu chakadaro. Maona?

Unoti, “Muri kugad- . . .” Kwete.

Ndiri kukuudzai Chokwadi, zvino rimwe ramazuva uchasangana naCho. “Hauna kupfeka, mhombwe; hauzvize.”

<sup>52</sup> “O, ndinopika kuti handina kumbotyora mhiko dzemurume wangu.” Murume wako achakutonga nokuda kwazvo kana wakazviita. Asi Mwari vachakutonga nokuda kwemhando yemweya wauinawo mauri; kwete kukutonga nomutumbi wako, asi nemweya wako, iyeye munhu wemukati.

<sup>53</sup> Munhu wekunze mutumbi wenyama unotongwa nemanzwiwo matanhatu. . . kana kuti manzwiwo mashanu, waro. Munhu wemukati munhu wemweya anotongwa nemanzwiwo

mashanu; hana, nerudo, nezvakadaro. Munhu wekunze; kuona, kuravira, kunzwa nekubata, kunhuwidza, kunzwa nenzeve.

Asi mukati memweya uyu mune munhu wemukati, uye anotongwa nechinhu chimwe chete, kuda kwako kwekuzvisarudzira. Unogona kugamuchira zvinotaurwa nadhiyabhore kana kugamuchira zvinotaurwa naMwari. Zvino izvozvo ndizvo zvinozoratidza mhando yemweya uri imomo. Kana uri Mweya waMwari, Unodya pazvinhu zvaMwari, haUdye pane chero chinhu chemunyika. Jesu akati, “Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, chikonzero chacho ndechokuti rudo rwaMwari haruna kana kumbopinda munzvimbo iyi yemukati.” Satani akunyengera. “Uye munhu haangararame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.”

Cherechedzai zvino, tinoona kuti mudzimai “haana kupfeka,” anonyadzisira uye akashama.

<sup>54</sup> Zvino nyika inoita sokunge iri muzera rakaipisisa rati rambovapo. Hapana mune ripi zvaro zera apo madzimai paakamboita maitiro akadaro, hapana kunze kweapo nyika yakange yave kuda kuparadzwa nemvura zhinji. Uye Jesu akataura nezvayo. Tichasvika kwazviri muchinguva chinotevera.

<sup>55</sup> Mwari havachagona here kutungamirira, kana kuti Vari kungotendera chimwe chinhu kuti chitore simba? Handizive. Mhinduro chaiyo kumubvunzo uyu ndeyokuti, pamaonero angu, pane mweya miviri iri kupikisana munyika nhasi, iri kushanda. Zvino, hazvikwanisike kuti kunge kuine inodarika miviri, misoro miviri. Zvino Mumwe wacho Mweya Mutsvene uri kushanda; mumwe wacho mweya wadhiyabhrosi, uye, mumazuva ano okupedzisira, mukunyengera.

Iye zvino ndichaisa pfungwa dzangu ipo pano pane chidzidzo chose chasara, chimwe chose. . . Mharidzo yedu.

<sup>56</sup> Mweya miviri. Mumwe wacho, Mweya Mutsvene waMwari; mumwe wacho, mweya wadhiyabhore, uri kushanda mukunyengera. Vanhu vemunyika iye zvino vari kuita sarudzo yavo.

Mweya Mutsvene uri pano uchidana Mwenga waKristu. Ari kuzviita nokusimbisa Shoko raKe revimbiso kwaAri, rezera rino, achiratidza kuti NdiKristu.

Kana munwe uchifanirwa kufamba muzera rino, munwe uchafamba. Kana tsoka ichifanirwa kufamba muzera rino, tsoka ichafamba. Kana ziso richazoono muzera rino, ziso richaona. Maona?

Mweya waMwari, sezvo Wakura kusvika muchimiro chizere chaMwari, ndiro zera ratiri kugara mariri. Mweya Mutsvene ari pano achisimbisa Mharidzo yenguva. Uye Mweya Mutsvene

uri kuita izvi, kuitira kuti vanhu vanotenda Mwari vagodanwa kubva munyonganyonga iyi.

Mweya wadhnyabhore usiri mutsvene uri pano kudana kereke yawo nenhema, senguva dzose, kubudikidza nokutsveyamisa Shoko raMwari, sezvaakaita pakutanga. Kuuona uchidzokazve panguva yembeu zvakare, kubva muEdheni? Heunoi uyu zvakare.

<sup>57</sup> Zvino, kare zvichipfuura neuko, uri we- . . . mamwe mazera, waive uri wemasangano, waive uri *weuku*, *uko*, kana *kumwewo*. Chii chakaitika kugunde remasangano? Rakaoma. Mweya unoramba uchisiya uchienda mberi, uye Unogumisira wave muMbeu. Muri kuona?

<sup>58</sup> Zvino miedzo, yavo vaviri, inodzokera nenzira imwe chete yayaiva pakutanga. Cherechedzai. Musarega—musarega, kwete, musazvikanganwa zvino.

SaJohane, Johane weKutanga 4:5 ne 6, kana uchida kuzvinyora pasi, anozviti, “mweya wekutsauka.”

Evha haana kungobuda zviri nyore, achinyatsoda, achiti, “Handitendi munaMwari.” Kwete. Yaiva nhema yaakatenda.

<sup>59</sup> Satani haana kumbouya ndokuti, “O, zvakana, haritombori Shoko raMwari.” Akabvuma kuti Raive Shoko raMwari, asi akaisa dudziro yake paRiri. Zvino va ndizvo, Mwari zvavakavaudza zvakajeka kuti vasazviite.

Chii chazvinoita? “Zvinoita matendero akatsauka zvakasimba, kuti vanhu vatende nhema, uye vagotongwa nokuda kwayo.” Zvino kana uchida kuzviverenga, vaTesaronika veChipiri 2:11.

<sup>60</sup> Sezvo ndine angangoita, Magwaro akati kuti pano, uye hatisi kuzokwanisa kuaverenga ose. Rimwe chete pano neapo, ndichaapa kwamuri. Zvinoita sokunge zvisinganzwisisi, kuti une mubvunzo pazviri kanawo zvimwe, uye tingangozviisa pasi zvino tozoviverenga kuti zvikunakirei imi—imi.

<sup>61</sup> “Kuita matendero akatsauka kwazvo,” sokutaura kwakaita bhaibheri kuti zvichadaro, vaTesaronika veChipiri. “Zvino, uyu munhu wechivi anobva avapo, zvino ogara mutemberi yaMwari, achizviratidza kuti iye ndiMwari, zvino oita kuti vanhu vapinde mumatendero akatsauka kwazvo, kuti vatende nhema; uye, vagoitenda, vozotongwa nokuda kwayo.”

Ndicho chinhu chimwe chete chaakaita kunaEvha. Akamupa. . . Ha—haana kana kumbomutaurira kuti Shoko handiro, asi akamupa manzwisisiro akatsauka kwazvo, zvokuti akatenda nhema.

<sup>62</sup> Mweya wemanzwisisiro akatsauka ndewadhnyabhore. “Madhimoni iye zvino ari kushanda muvana vekusateerera.” Kusaterera kuchii? Ko chiiko icho vana vemuzuva ranhasi chavasiri kuteerera kwachiri? Sezvaiva Evha, pakutanga,



kuShoko raMwari rechokwadi. Ndizvo chaizvo. Zvino kana uchida kuzviwana . . .

Ngatizarurei pazviri, vaEfeso 2, mirai zvishoma, nokuti zvinoita zvakanaka kana tika . . . Ndichamira munguva shoma, kana musiri henyu pakumhanyira kukuru, uye toverenga zvimwe zveizvi. VaEfeso 2:1 kusvika 2.

*Zvino akakumutsai imi, makanga makafa kare nokudarika kwenyu nechivi zvenyu:*

*Izvi zvamaifamba mukati mazvo kare netsika dzenyika ino, nenzira dzomuchinda wesimba remumhepo, dzomweya unobata zvino mvana vokusateerera:*

<sup>63</sup> “Vana vokusateerera.” Zvino kana antikristu, achitangira ipapa muhucheche hwekusateerera, saka zvichange zvakadini pazvichagumira mumunhu waantikristu? Zvichange zvichinyengera zvikuru! Ko kuchange kuri kunyengera kune simba rakawedzerwa zvakadini kunogona kupiwa kunyika ne—nemunhu mukuru, kudarika mwana mucheche! Zvino akati, “Mweya we—wenzwisiso yakatsauka iye zvino uri kushanda mvana vokusateerera,” kusaterera kuShoko. Cherechedzai. Iye zvino ndiri kuda kumbogara pazviri kwechinguvana, “vana vokusateerera,” mwana.

<sup>64</sup> Waiziva here, iwe, kutanga kwako, ndinogona kuratidza neShoko raMwari kuti iwe, chero munhu ari muno, waive mupenyu munababa vasekuru vako. Uye baba vasekuru vako, wakazounzwa zasi kuna sekuru vako, zvino kuna baba vako, zvino kwaUri. Unozviziva izvozvo?

Bhaibheri rakati, ndinotenda vaHebheru 7, apo, Merikizedheki, paya Abrahamama paakadzoka achibva kunoparadza madzimambo, “Abrahamama akabhadhara Merikizedheki chegumi chevose zvainge apamba.” Zvino heunoi Pauro zvino ari kutaura, kuti, “Revhi, uyo aigamuchira chegumi, akanga achiri . . . Akabhadhara chegumi, nokuti akanga achiri muchiuno chaAbrahamama paakasangana naMerkizedheki.” Saka chero icho chakaitwa naAbrahamama, saka tinozoonza zvino kuti Revhi akanga ari munaAbrahamama, akanga ari baba vasekuru vake. Abrahamama akabereka Isaka; Isaka akabereka Jakobho; Jakobho akabereka madzitateguru, Revhi.

Zvino, zvadaro, munoona, hepanoi panouya kuonekwa kwakajeka, kutemerwa.

<sup>65</sup> Zvino, muMharidzo idzi, ndinoda ku—ku—kusimbisa zvinhu izvo zvandakakuudzai muMharidzo, yeChiedza chino chemadekwana iyo Mwari vakati yaizouya panyika.

<sup>66</sup> Uye cherechedzai, zvino, “Chikara chakanga chichazouya panyika, chaizonyengera avo vose vane mazita asina kuiswa

muBhuku reHupenyu reGwayana, rakabaiwa nyika isati yavambwa.”

<sup>67</sup> Mupfungwa dzaMwari pachavo; Mwari, Mweya mukuru. Pakutanga, pasati pava nemavambo, Aive Mwari, uye wanga uchiziva here kuti waive maAri ipapo? Kana uri Mukristu zvino, waive maAri ipapo.

Uyezve, kana zviri izvo, huzaro weHumwari hwese mumutumbi hwakaumbika muhuMunhu hwaJesu Kristu. Uye zvararo Jesu paAkafa pamuchinjikwa, ndakafa naYe, nokuti ndaive maAri ipapo; nokuti Aive huzaro hweShoko, hwakararidzwa, achiziva kuti taizoratidzwa munguva yaizotevera. Zvino taive paKarivhari naYe. Takapinda mubwiro naYe. Takamuka naYe pakumuka kwaKe. Uye zvino takakwira kumusoro, neMweya waKe, kuChigaro chenyasha, tigere pamwe chete munzvimbo dzekuMatenga muna Kristu Jesu. Nguva dzose!

<sup>68</sup> Nokuti sechizenga chehupenyu hwepanyama hunounzwa huchidzika, huri chizenga chinobva kunababa chichienda kunababa, kunababa, kunababa, saka ndizvo zvakaıtawo Hupenyu HwaKristu huri muchizenga.

Ndicho chikonzero Mwari vachishandisa Mweya waEria nguva shanu dzakasiyana. Chii? Kugamuchidza zvichidzika zasi.

<sup>69</sup> Sezvakangoita hupenyu hwepanyama nehunhu hwako unozvigamuchidzwa kubva pakuberekwa kwepanyama nababa vako, saka ndizvo zvakaıtawo Mweya waMwari, zvakatemerwa nyika isati yavambwa.

Zvino kana Shoko rose raMwari, muhuzaro, rakaumbwa mumutumbi wemunhu anonzi Jesu Kristu, imomo Mwari vakandiita kuti ndibhadharire zvivi zvangu, imomo maAri. Zvino Vakandimutsa, vakandimutsa pamwe naYe, murumuko. Uye zvino tigere pamwe chete naYe, tiine simba nemvumo pamusoro pemadhimoni ose. O, kana mukangogona kutenda izvo zvakapiwa naMwari! Asi kana usina kugara ipapo, hauna izvozvo. Zvino kana wakagara ipapo, uye usingazvitendi, uye uchitya kufamba, haumbofa wakazvishandisa. Asi kana wakagarapo, uchazvishandisa, nokuti wakatemerwa kuita zvaunoita.

<sup>70</sup> “Farao,” pane rimwe divi, “akaunzirwa chinangwa ichochi,” Bhaibheri rakati, kuti ave Farao. “Judhasi Iskarioti akaunzirwa kuzova mwanakomana wekurasika.”

Zvino cherechedzai Zvokwadi huru idzi dzatiri kuswadera kwadziri.

<sup>71</sup> Zvino tinoona kuti kereke yakaramba kugamuchira Shoko raMwari kuti rivatonge, zvino ndokugamuchira Bharabhasi panzvimbo yacho. Iye zvino, kana uchida Gwaro racho

pane izvozvo, NdiMateo 27:15 kusvika 23. Chii chazvakaita? Chinhano chipi chazvakaita? Iye zvino pafungei. Apo kereke yenyika, muhurongwa hwayo hwevarume vakarurama, vatsvene, sokufunga kwavo kuti ndizvo zvavaive, uye sezvaiva mumaziso evanhu, vakaroverera Jesu, zvino ndokuti, “Hatisi kuzoti Munhu uyu atitonge.” Zvino Jesu aiva huzaro hweShoko raMwari. Johane weKutanga 1, inozvitura. Zvino vakati, “Hatisi kuzoti iri Shoko raMwari riritonge.” Asi, Aive Shoko, asi meso avo aive akapofomara kune zvaAkanga ari. Nokuti Aive mhinduro yakananga kuchiporofita chose chakanga chichizozadzikiswa maAri.

Zvino, tose tinozvitando, nokuti tiri kutarisa kumashure kuti tizvione zvichiitika. Asi dai nyika yaikwanisa, yacho iripo zvino, zera rino rakaipa, riri iro raiveko kareko panguva iyoyo, vaingoita zvinhu zvimwe chete zvavari kuita nhasi, nokuti richingori Shoko rimwe chete, rezera rino, riri kuratidzwa. Achazviita. Hapana chimwe chavangaita zvino. “Vana vokusateerera.” “Vane manzwisisiro akatsauka kwazvo, kuti vatende nhema, uye vagotongwa nokuda kwayo.”

<sup>72</sup> Cherechedzai apo kereke yenyika payakaramba kugamuchira Jesu, Shoko, rakaratidzwa muzuva iroro, nokuti (sei?) nokuti vakava naRo rakadudzirwa neimwe nzira. Asi vaifanira kunge vakaziva kuti Aive Shoko iroro, nokuti zvose izvo zvakataurwa naMwari kuti Vaizoita, Vakazviita. Uye Akati kwavari, “Nzverai Magwaro enguva ino; zvino kana ndisingasvike pachiyero chezvataurwa nezvaNgu kuti ndiite, zvadaro musaNditenda.”

Vakati, “Tinotenda Mosesi.”

<sup>73</sup> Akati, “Dai mainge makatenda Mosesi, mungadai makaNditenda, nokuti Mosesi akataura nezvaNgu.” Uye zvakadaro havana kuzviona. Mwari chaiye weKudenga achifa pamuchinjikwa, uye achitaura mashoko mamwe chete akataurwa nemuporofita kuti Aizoataura, uye zvakadaro havana kuzviona. Maona?

Vakanga vasiri vemhando yaKe. Vakanga vasiri Shoko, kwete Shoko; uye ivo, zvakadaro, vakanga—kanga vari vanamati vakuru. Asi vakanga vasiri Shoko, nokuti Ri—Ringadai rakacherechedza nzvimbo yaRo panguva iyoyo.

<sup>74</sup> Cherechedzai kunaka kwazvakaita Magwaro achibatana pamwe chete muzera roga-roga. Cherechedzai zvino.

Zvino kereke yenyika payakaramba kuti Shoko raMwari rivatonge, vakagamuchira mhondi, Bharabhasi. Chii chazvakaita? Zvakasimudzira Satani, mwari wezera rino rakaipa, panzvimo iyo yaagara achida.

Zvino teererai. Nokuti, Satani haana kumbotaurwa kunzi ndimwari werimwe zera kunze kwezera rino. Haana kumbotaurwa samwari wezera raNowa. Haana kumbotaurwa

sa—samwari wezera raMosesi, mwari wezera raEria. Asi, zera rino rakaipa, iye ndiye...O, musazvipotsa! Ndimwari wezera rino rakaipa, achinamatwa nemamiriyoni nemabhiriyoni evanhu, uye havazvize. Asi ngatiregei Magwaro amufumure mangwanani ano, uye ngationei, zvararo munozoziva. Regai Rugwaro...

<sup>75</sup> Semumisangano yekunzvera, apo Mweya Mutsvene unopinda mukati meShoko raWo zvino Wodana murume uyu woti, “Haufanire kunge uchirarama nemumwe mudzimai uyo. Wakazviitirei, makore gumi apfuura, pawakatiza nemudzimai wemurume uya?” Chii chaAri kuita? Ari kumuisa pachena, kufumura Satani, uyo akasunga murume uyu, kana mumwe mudzimai ari kurarama nemurume wemumwe mudzimai, kana zvivi zvavakaita, zvinhu zvavakaita. Chii chazvinoita? Kumufumura.

<sup>76</sup> Vanachiremba vanotora michina zvino voedza kutsvaka dambudziko. Havakwanise kuzviita. Hatikwanise kutaure. Asi zvino Mweya Mutsvene unozouya zvino wozarura kuti ndiyani, zvino womufumura. Maona? Ndizvo zviri Shoko raMwari. Iro Chiedza chinovhenekera murima.

Zvino ukatora ruzha rwuri mune imwe kamuri, rwunonzwikwa zvisinganzwisike; boka rezvimwe zvinhu zviri kushanda, uye hauzive kuti chii. Batidzai getsi, nokukasika... Makurwe, mapete, va—vana verima. Zvino kana chiedza chikapenya, zvinodzvamuka zvichienda.

“Vakaenda vachibva pakati pedu nokuti vakanga vasiri vekwedu,” Bhaibheri rakadaro. Maona? Havakwanise kugara muChiedza cheniyika...Nokuti, Mwari weKudenga vatumira Chiedza chaVo mumazuva ano okupedzisira, kuitira kuti Vajekese nzira yevana vaVo, kuitira kuti vasafambe murima vachigumburwa, asi kuitira kuti vafambe muChiedza chekupenya KwaJesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Amen!

<sup>77</sup> Cherechedzai, Satani haana kunzi mwari werimwe zera asi zera rino. Chagara chiri chinangwa chake kuti ave saMwari, kubvira pakutanga chaiko.

Ngatizviverengei. Tichangotora nguva yedu. Ngatidzokerei kuna...Munoona, ndazvinyora pasi, Isaya 14. Ngatidzokerei kunaIsaya 14, kweminiti, zvino tigoona zvakataurwa naMwari. “Iye mwari,” zvakaitwa naSatani. Isaya 14:12 ne 14. Cherechedzai.

*Haiwa wawa seiko uchibva kudenga, O Rusiferi, iwe mwanakomana wemambakwedza! Wakandwa seiko pasi, iwe wokuwisira marudzi pasi!*

*Iwe wakati mumoyo mako, Ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu choushe kumusoro kwenyeredzi dzaMwari (vanakomana vaMwari,*

zvino): uye *ndichagara pamusoro pegomo reungano, pamagumo emativi ekumusoro:*

<sup>78</sup> Chakanga chiri chinangwa chaSatani kuti anamatwe saMwari. Akatora zvikamu zviviri kubva muzvitatu, zvikamu zviviri kubva muzvitatu zvenyeredzi dzeKudenga. Ndokuzvikwidziridza pamusoro penyeredzi idzi, ndokudziparidzira, zvino ndokunyengera zvikamu zviviri kubva muzvitatu zvadzo. Muri kuzviona? Zvakanaka. Cherechedzai, ndicho chinangwa chake.

Uye zvino akagadzirira, nemwenga wake wakasanangurwa zvakanakisa, wakadzidza kubudikidza nezivo yake, munoono, wose wakapendwa mukunyengera kwake, kwezvivakwa zvakakura nemasangano makuru, nependi dzezivo nedzidzo yebhaibheri, uye yakangwara pamwe nokushandisa njere, nokudzidza, kunyengera nyika yose, zvino obva ava “mwari.” Ndizvo zvaakaita. Zvose zvichienda kunoguma zvave mumunhu wantikristu, uyo akagadzwa korona kare yokuva “mumiririri waMwari,” nemwenga wake unoda nyika, wesainzi, wese akapfeka muhumbombo hwechinamoto chenjere, nedzidzo. Anoitwa munamati saiye, uye kubudikidza nedudziro yake pachake yeShoko raMwari sezvaakaita Evha, uye sezvakaita mwanakomana wake Kaini.

Zvino mati, “Mwanakomana waSatani?”

<sup>79</sup> Ndiratidze nzvimbo imwe chete muBhaibheri apo Kaini akanzi mwanakomana waAdhama. Bhaibheri rakati aiva “mwanakomana wewakaipa,” mbeu yenyoka. Kwete, hwidibiro yabviswa zvino, hama. Piramidhi razarurwa, sokuratidza kwaita chizaruro.

<sup>80</sup> Cherechedzai zvaachaita, pfungwa dzake. Akafunga kuti Mwari vanogara murunako rwenyika. Akazviita Kudenga. Chivi hachina kutangira mubindu reEdheni; chakatangira Kudenga, apo Rusiferi, mwanakomana wemambakwedza, akazvikwiridzira murunako, uye akanga achida humambo hune runako rwunodarika hwaMikaeri. Zvino akafunga kuti Mwari anogara murunako.

<sup>81</sup> Zvino cherechedzai Kaini. Akanga asingade chibairo cheropa. Akauya ndokupirisa muchero, kana—kana minda yerunako paartari yake. Munamati mukuru, akaita zvose, izvo, chaizvo sezvakaitwa naAbheri; akapira chibairo, ndokuwira pamberi paMwari achinamata, achiteerera mune zvose, asi asina chizaruro cheShoko.

Zvino shoko rakanga riripo, kubva pakutanga, zano raMwari. Asi Mwari vakazarura, nechizaruro, chinhu chaVakasimbisa nokubvumira kuti chakanga chakanaka. Kwete chinamoto, kwete artari, kwete kuve nhengo yekereke, kwete kupira chibairo, kwete kuperera; asi nechizaruro cheShoko raMwari. Mwari vachizarura kwaari izvo zvachaive . . .

Amai vake havana kutora apurosi ravakapiwa nyenoka, asi vakava nekusangana kwemurume nemudzimai nemunhu waSatani, ari muchimiro chechikara; kwete chipuka chinogweshwa nedumbu, asi aive akachenjeresha, akangwarisa pane zvemusango, chiri muchimiro chemunhu, chinhu choga chaive chokuti mbeu dzaikwanisa kusangana. Zvino sainzi iri kuedza kuchiwana. Zvino havambofa vakachiwana, nokuti bvupa rose riri mumuviri wacho rakashandurwa. Asi Bhaibheri rinonyatsotaura kuti ndizvozvo.

<sup>82</sup> Cherechedzai zvichaitwa nemuchinda uyu zvino. Muchinda uyu, “Achagara mutemberi yaMwari,” inova iyo, kereke, “achizvizarura kuti ndiMwari.” Zvino kana uchida kuzviverenga, ndevaTesaronika veChipiri 2:3 ne 4, neZvakazarurwa 13:4, 11 ne 12; apo pakataurwa, nevaporofita vari vaviri, vose Johane naPauro, pamusoro peizvo zvaaisova mumazuva okupedzisira. Zvino zviverengei, nokuti ndinazvo pano pandakazvinyora. Asi ini . . . kuchengetedza nguva zvino.

<sup>83</sup> Zuva ratiri kurarama mariri rinonzi, muBhaibheri, “zuva remunhu,” zuva remunhu. Rino harisi zuva raMwari. Mwari havasi ivo mwari wenyika ino; Bhaibheri rinotaura kuti haVasi. NdiMwari weKudenga. Asi rino harisi zuva raMwari.

Rino izuva rokusarudza. Zvichireva kuti, raramira nhasi, wobva wofa; sarudza Mwari, ugorarama. Zvino Mwari iShoko, zvino Shoko ndiro Shoko rakaratidzwa renguva nezuva.

<sup>84</sup> Cherechedzai, “zuva remunhu.” Kana uchida kuzvinyora pasi, ndanga ndiri kuzoviverenga. Asi vaKorinte voKutanga 5:1-5 . . . vaKorinte voKutanga 4:1-5, ruregerero, vaKorinte voKutanga 4:1 ne 5, ndeapo Pauro akanga ari kutaura pamusoro pokutongwa nevanhu, muzuva remunhu.

<sup>85</sup> “Zuva, munoridanirei kuti zuva remunhu?” mungadaro. Ndiro zuva iro mabasa kubudikidza nezivo yemunhu ari kurumbidzwa.

Tarisaiwo, kuvhaira kwese kwemacomunisti, mumwe munhu ari kuedza kuendesa mumwe munhu kumwedzi. Mwari vari kuedza kuendesa mumwe munhu Kudenga. Maona? Asi onai mashandisiro avari kuita mamiriyoni nemabhiriyoni nematiririyoni emadhora, muzvinhu zvisina basa. Kana vachinge vasvika ikoko, hapana chavari kuzowana. Ko dambudziko ravo nderei?

Handina basa nemwedzi. Ndinoda kupfuura mwedzi ndichimhanyisa zvokuti handimbouoni; ndongoramba ndichienda mudenga. Ndinoda kupfuura Gwara Renzou, ndoramba ndichienda, ndongoramba ndichienda. Hongu!

<sup>86</sup> Uye nyika nhasi iri kuzvikumikidza kuzivo yakauya naSatani. Zvino zuva remunhu rinorumbidzwa, kwete neShoko raMwari, asi nezivo yaainayo.

Zvino fungai. Regai zvinyatsosinina. Zvino paunoridza tepi ino, panzvimbo iyo ino, imbomira zvishoma ugofunga.

Mabasa ake anosimudzirwa pamusoro peShoko raMwari nemabasa akaratidzwa; huchenjeri hwaSatani, uho hwaakapa kunaEvha pakutanga. Zvino teererai; musapotsa izvi. Huchenjeri hwaSatani hunosimudzirwa kuchigaro chekushumira, mumunhu, pamusoro peShoko raMwari rakasimbiswa renguva. Makereke edu anoratidza izvi kubudikidza nemaseminari avo—avo, zvikoro zvedzidzo, zvakadzidza zvinodarika zvinozivikanwa neShoko raMwari nezvaZvo, vanofunga kudaro. Zvino ikoko, Chiremba *Nhingi-nhingi*, neMudzidzisi *Nhingi-nhingi*, naProfesa *Nhingi-nhingi* vasimudzira zivo yavo pachavo, sokudanwa kwayo (yakabva kunaSatani) chokwadi, pamusoro pevimbiso yaMwari yakasimbiswa, yakajekeswa pamberi pavo chaipo. Asi munhu anozvigamuchira. Maona?

<sup>87</sup> Budiriro yake yesainzi, kuedza kuratidza kuti Shoko raMwari rakakanganisa. Ingozvifungai izvozvo. Iye, yake, inova, dzidzo yebhaibheri yemunhu, inotsanangura Shoko raMwari kuvanhu, zvino yoRishaisa simba zvakare, sezvaaiva nazvo muzera remasangano apo Jesu paakauya panyika. Jesu akati, “Imi vanyengeri! Imi, netsika dzenyu,” inova iyo dudziro yavo, “matora Shoko raMwari mukaRishaisa simba kuvanhu.” Uye ndicho chinhu chimwe chete chavaita nhasi. Harichina zvarinobatsira.

<sup>88</sup> Cherechedzai, “Ivo,” vanhu, “vanomusimudzira pamusoro pechose chinonzi Mwari.” Ko vaTesaronika weChipiri haitaure here kuti vachazviita? Uye chisimba chekereke yesangano, vanhu vachitenda sangano iri kudarika kutenda kwavanoita Mwari. Zvino Mwari iShoko. Vanotenda chitendwa chesangano ravo kudarika Shoko, icho “chinomusimudzira pamusoro pechose chinonzi Mwari.” Zvino pana Mwari mumwe chete, zvino ndiro Shoko.

“Chose chinonzi Mwari; saka iye saMwari agere mukereke yaMwari, achiratidza kuti iye ndiMwari,” nokuti aita kuti vanhu vamunamate. Mwari iShoko. Zvino anozvisimudzira pamusoro pechose chinonzi Mwari. Zvino pana Mwari mumwe chete, zvino Mwari uyu iShoko. Maona? “Uye chose chinonzi Mwari,” ndiye, mwari wezera rino azvikwidziridza pamusoro peShoko raMwari rechokwadi, rakasimbiswa. Ndiye Mutsvene Johane 1. Maona? “Pamusoro pechose chinonzi Mwari, zvekuti iye saMwari agere mutembere yaMwari,” aine chisimba.

Tarisai, zvino anorumbidzwa nokuda kwazvo! O, regai vanhu, Mwari, vaone hunyengeri uhu! Anorumbidzwa nokuda kwahwo, uye achinyatsotendwa mukuperera nevanhu vemuzera rino rakaipa. Zvino munoona here mwari nevaranda vake vemuzera rino rakaipa?

<sup>89</sup> Iye zvino ngatizvionei zvichiratidzwa. Anoti ari kugadzira nyika iri nani yekuti vagare mairi, nezivo yake yakasiyana neShoko raMwari risingakundike. Asi nokuuya kwake pamwe chete, mumasangano, nezvitendwa, nenjere, nezvesainzi, nezvimwe zvakadaro, ari kugadzira nyika iri nani yokuti munhu agare mairi, uye achisiya vimbiso yaMwari, yokuti nguva iyo bedzi apo nyika ichange yakakodzera kugarwa mairi muMireniyamu. Munoziva, maonero angu, akagadzira nyika iri nani kuitira chivi mairi pane kugara mairi.

<sup>90</sup> Cherechedzai. Akazviita here? Akatendera chivi zviri pamurawu. Akatendera zviri pamurawu kunwa hwiski, kuputa fodya. Uye mumakereke, vakatendera zviri pamurawu kuti mudzimai anokwanisa kuva nhengo yekereke, aine vhudzi pfupi. Zvino chimbomirai zvisihoma.

<sup>91</sup> Anokwanisa kupfeka zvikabudura, kuzora mapendi, uye zvakadaro agoramba ari nhengo yeboka rake rezvokunamata, izvo zvinonyatsopesana neShoko raMwari. Anoti zvakana. Munooni zivo yake? “Ko izvozvo zvine chekuita nei nemudzimai?” Zvakangofanana nokutora muchero wakarambidzwa, kana usiri muchero wakarambidzwa, ndizvo zvazviri. Mwari vakati musazviite, asi anozviita.

<sup>92</sup> Zvino mudzimai anomutenda, uye anomudira izvozvo. Mudzimai anovenga Mwari. Maitiro ake anoratidza kuti anozviita. Mudzimai anotaura kuti anoMuda, asi anoda Satani. Anonamata Mwari wefashoni, mwari wenyika, mwarikadzi weHollywood. Anomuda, asi anovenga Shoko raMwari rechokwadi, rinova Mwari wechokwadi oga aripo.

Kuzvibvumira zviri pamurawu mumakereke avo. “Hapana chakaipa. Madzimai edu anogona kuita *zvakati*, *zvokuti*, kana *nezvokuti*.” Asi muHupo hwaMwari mupenyu, haatombotenderwi kuuya, kunze kwekunge ari kutendeuka.

<sup>93</sup> Munooni, ndiye mwari werunako rwemunyika, ndiye. Mudzimai anoda kuratidzika zvine runako. Zvino iye ndiye mwari werunako, kubvira pakutanga. Anokwanisa, uye akabudirira kubudikidza nezivo yake musainzi nezvinhu zvinoshandiswa, kugadzira runako rwewake, zera rino remuenzaniso...zera rino rechimanjemanje, waro, rekuipa. Runako rwekugadzira.

<sup>94</sup> Cherechedzai. Zvakakodzera kucherechedza. Pakutanga, Seti nevana vake havana kuenda nenzira yesainzi.

Iye zvino tave kuzotaura nezvesainzi kwemaminitsi mashoma. Kana ndikataura izvi, ndisiri kupembedza kusaziva kwangu; asi, boka revasingazive, icho chose chinoramba Shoko raMwari. Maona? Chokwadi.

Zvakafanira kucherechedzwa. Chitarisai. Vana vaSeti havana kumboenda negwara resainzi. Vaiva vafudzi vakaninipa, varimi, nezvimwe zvakadaro.



Asi vana vaKaini vakadaro. Sei? Vakafemerwa nababa vavo, dhiyabhore. Kaini, akafemerwa nababa vake, dhiyabhore, uye ava vakafemerwa nembeu iyi payakadzika ichiuya.

<sup>95</sup> Tarirai mbeu yaMwari ichidzika nemuzera roga-roga, uye tarirai kwairi kunogumira. Makristu, Makristu echokwadi, havasi mune zvoze zvekunzvera kwesainzi nezvinhu. Kwete. Munguva shoma, tiri kupinda mazviri.

Asi vaKaini vakazviita, vachitevera hunhu hwababa vavo, dhiyabhore, vakazara nezivo yemunyika, runako, nesainzi, nezvimwe zvakadaro. Vana vaKaini vaiva vanhu vezvesainzi. Vaive vakadzidza. Vaiva varidzi vezviridzwa zvemumhanzi—mumhanzi; Elvis Presley wechimanjemanje, zvimwe zvezvinhu zvakaita seizvo bhodhi rechikoro rinotendera kuti zviitike kuno munzira manheru oga-oga eMugovera. Vavaki vemaguta, vachiita kuti madzimai ave nerunako kuitira ruchiva rwavo pachavo, sezvo dhiyabhore ari kupa madzimai pendi, uye nokugera vhudzi ravo, zvino ovapfekedza zvikabudura, nezvinhu zvakadaro. Ivo, ndezve ruchiva rwake rwune tsvina. Zvakakwasharara, asi handizive imwe nzira yokuzvitaure.

<sup>96</sup> Iye zvino, tinoziva kuti evhangeri yaSatani ievhangeri yesainzi nebudiriro. Akaiparidza muEdheni; kwete Mwari; Satani akazviita, sainzi yebudiriro. Sainzi nebudiriro ndiyo evhangeri yaSatani. Onai kwaatisvitsa nhasi, nayo. Maona?

<sup>97</sup> Cherechedzai, akaiparidza muEdheni, kunaani? Kumwenga waAdhama. Zvino iye akaigamuchira. Akamunyengera kuti apokane rimwe remaShoko raMwari. Ngationei zvaaigna kunge akataura. Anofanira kunge akati, “Hazvienderane nesainzi kuti ufe, mukereke ino tsvene.” Kana kuti, “Uchaendeswa kuchikoro pamwe nokudzidziswa, kuti usatende zvinhu zvisina njere serufu. Handina basa kana Shoko raMwari rakazvitaure; hazvina njere.”

<sup>98</sup> O, mutarisei nhasi. “Mwari ndiMwari akanaka. Uri mukereke yaKe tsvene; handiti, haugone kufa.” Asi Mwari vakati uchafa, zvino ndizvozvo. Munomuona nhasi? “O, ingova nhengo yekereke. Handi zvaunoita, kana *izvi*, *izvo*, *nezvimwe*. Ingouya yekereke wova nhengo yakanaka. Kudimbura vhudzi rako, zviya hazvina maturo. Uye kupfeka zvikabudura, nokuzora pendi, nokuenda kumadhanzi, netudoro tushoma apa neapo, hazvina zvazvinokukanganisa, chero usingazobatikana naro. Chaizvoizvo, ndinoshuva kuti imi vana muritore, kuitira kuti vagogona kudzidza kuti vangarida here kana kuti kwete.” Heunoi uyo, mwari wezera rino, zera rino rakaipa.

<sup>99</sup> “Mwari ndiMwari wakanaka.” Ndazvinzwa kakawanda kusvikira ndave kutorwara. Mwari ndiMwari zvakare anotonga nenduramo. Haasi kasekuru kasina hany’n’a kanogona kungoitwa sukunasai, uye vazukuru vaKe havana kana chivi. NdiMwari anotonga nenduramo nehutsvene. Vakazviratidza

mubindu reEdheni, nevana vaVo vokutanga. Ukadarika mutsara iwoyo, werimwe remashoko aVo, wafa. Ndizvo zvimwe chetezvowo nhasi.

<sup>100</sup> Uye cherechedzai, akaparidza mhando iyoyi yeevhangeri yesainzi, yemagariro evanhu, yekudzidza, yebudiriro kunaEvha, zvino mwenga waAdhama akaritenda. Uye akabudirira kuzadza mwenga unonzi waKristu, kereke yaAdhama weChipiri, nepfungwa dzimwe chete. Ndizvo chaizvo.

<sup>101</sup> “O, Mwari haadaro—haadaro; Mwari akanakisa kuti azviite. Handiti, chero uchienda kukereke. ‘Kana uchitenda.’” Dhiyahbore anotenda; kwete kutenda kwekabanga, asi anonyatsotenda kwazvo. Haana kuponeswa. “‘Kana uchitenda.’” Huh!

<sup>102</sup> Anotaurira mwenga wechipiri, kana kuti Mwenga waAdhama weChipiri, zvimwe chete sezvaakaudza wekutanga. Zvakafanana nokuti, “Iye zvino, kupodza kwaMwari, hakuna chinhu chakadaro. Tinokwanisa kuzviratidza. Hapana kumbobvira pakaita chiitiko chimwe chete chati chamboratidzwa.” “Uye rubhabhatidzo urwu muZita raJesu, zvino hamuzive here kuti ini ndini mukuru-mukuru wekereke?” anotaura kudaro. “Takapedza nazvo paNicaea, Rome,” apo mweya mitatu ine tsvina yakabuda mumuromo wechikara, vaporofita venhema, nezvimwe zvakadaro. “Tinotenda kuti pane hutatu humwe hwavanaMwari.” O, zvichidireiko kudaro! Ndezvechihedheni zvachose. Usambofa wakauya pamberi paMwari nechinhu chakadaro, uchiedza kumira muHupo hwaKe. “O, hapana mutsauko wazvinoita kana ukabhabhatidzwa mumadunhurirwa ana ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’ Zvinoita mutsauko wei?”

<sup>103</sup> Zvakaita mutsauko chaiwo, kusvikira Pauro akaraira rimwe boka remaBaptisti kuti vabhabhatidzwe zvakare muZita raJesu Kristu kutanga kuti Mweya Mutsvene ugokwanisa kuuya pavari. Uye ndokuita kuti muapostora uyu adanidzire, zvino achiti, “Kana ngirozi ikabva Kudenga ikaparidza zvimwewo, ngaive yakatukwa.” Ichokwadi, zvinoita mutsauko. O, ini zvangu!

<sup>104</sup> “Hapana chinhu chakaita serubhabhatidzo rweMweya Mutsvene mumazuva ano. Zvakanga zviriri zvavaapostora voga. Zvakapfuura. Uye nechinhu chinonzi vaporofita? Hachitombozivikanwi. Zvishamiso? Hazvienderane nesainzi. Maraki 4? Yaiva yerimwe zera. Johane 14:12? O, Jesu akanga asinganyatsoreva kudaro. Ruka 17:30? O, iya yaingova ngano. Munoono, zva—zvakadudzirwa nepasipo; zvakanga zvisipo pakutanga.” Marara akadaro!

Apo Mwari Samasimba vanouya pakati pedu vozviratidza. Apo paVanotaura, kuti, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” Anozviratidza saizvozvo. Handina basa neanoshaya chokutaura nezvazvo; Mwari vanodudzira

Shoko raVo pachaVo. Vakati Vachaita chinhu ichi mumazuva okupedzisira. “Pachava neChiedza panguva yamadekwana.” Uye pane Chiedza, chekuratidzwa kweMwanakomana waMwari.

<sup>105</sup> Zuva rimwe chete rinobuda kumabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinonyura kumadokero. Muporofita akati, “Pachava nezuva risingakwanisi kunzi masikati kana usiku.” Harina kujeka, makore, seari pamberi pechiso chezuva. Asi ndokuti, “Senguva dzemadekwana kuchauya Chiedza zvakare.” Mwanakomana mumwe chete! Iye ndiArfa naOmega. Mwanakomana mumwe chete akamuka kumabvazuva akafanotaurwa kuti aizomuka zvakare kumadokero, mumazuva okupedzisira, panguva iyo zuva rinenge roda kupera. Handizive kuti vanoZvidudzira sei; Mwari vanodudzira Shoko raVo pachaVo. VanoRiratidza. Ino inguva yemadekwana.

<sup>106</sup> Zvinosuwisa, asi wakanyengerwa zvakare. Mwenga waKristu wakanyengerwa, ndokutora zivo yenjere yemumwe muparidzi wekuseminari panzvimbo yokutenda Shoko raMwari rakachena, rakasimbiswa.

<sup>107</sup> Zvino vashumiri kunze uko munyika chero kwauri, munogona kusawirirana neiZvi. Handisi kukurwadzisa. Ndiri kungoedz- . . . Ndiri kutaura kuboka rangu. Ndiri kungoedza . . . Kana uchida kugara muno, ndingafara zvechokwadi kuti uZvinzwe. Uye uZviteerere. Maona? Asi ndiri kungovaudza zvava—zvavaona, uye nokuzviratidza kwavari; Mwari vachizviratidza, kuti ndezvemazvirokwazvo. Maona?

Ino ndiyo nguva yacho. Hazvidi mumwe munhu kuti aZvidudzire. Zivo yako yemunyika haina chainayo. . . Unogona kunge uine B.A., D.D., A.D., kana chero zvazvingava; hapana chinhu chimwe chete chazvinoreva. Mwari vanodudzira Shoko raVo, pachaVo. Vakazvivimbisa, zvino hezvinoini izvi pano.

<sup>108</sup> Asi kubudikidza nezivo yeseminari, maparidziro esangano, “zvaita kuti nyika yose itevere chikara chaive neronda rairuraya rakanga rapora,” kubva pachihedheni zvichienda kune hwapapa. Munooni kwairi kunogumira? Anozvitenda. Mudzimai anotenda zivo yaanomudza.

<sup>109</sup> Zvakadai, zvino tarisai, zvakaitika kuti mwenga miviri yaive pachitsidzirano yakatenda zivo yaSatani zvichipesana neShoko raMwari. Mwenga waAdhama wakatenda zivo yaSatani zvichipesana neShoko raMwari, uye Mwenga waKristu wakatenda zivo yaSatani, muzera rino renjere rakaipa, zvichipesana neShoko raMwari.

Zvino cherechedzai. Evha, panyama, uyo akazvitenda, zvino ndokukandira rudzi rwese rwevanhu murufu. Mwenga wepanyama! Adhama, munhu wepanyama wepanyika; mwenga wake, asati asvika kwaari, kuti ave mudzimai, akakandira rudzi rwese rwevanhu murufu. Zvisinei kuti ndezvesainzi here kana

kuti kwete, tinongofa zvakadaro, nokuti Mwari vakataura kuti tichadaro.

Zvisinei kuti uri muEdheni dzvene, kana kereke tsvene, kana sanganano dzvene, kana chero zvazvingava, unofa zuva iro paunopokana kuti Shoko rimwe chete reShoko raMwari ndereChokwadi, kana rasimbiswa nokuratidzwa kwauri. Ndiro zuva raunozvipatsanura kubva kunaMwari. Kwete mutsara wese bedzi; Shoko rimwe chete. “Ani naani achawedzera shoko rimwe chete, kana kubvisa Rimwe chete,” ndiro zuva raunofa.

<sup>110</sup> Cherechedzai, mwenga waAdhama wakakonzero rufu rwepanyama kurudzi rwake, rudzi rwevanhu.

Zvino Mwenga waAdhamu weChipiri, mwenga waKristu waakatsidzirana naye, akandira kereke yose kurufu rwasanganano, kutora mucherechedzo wechikara, kubudikidza nemasanganano ezvesainzi, enjere, makuru. “Tiri maBaptisti. Tiri maPresbyteriani. Tiri maPentekosti,” nezvimwe zvakadaro. “Tine *zvakati*, uye tine zvimweze zvakakwa. Isu, tinozivikanwa nehurumende. Tiri kwese kwakapoteredza nyika,” pamwe nezvinhu zvose zvakadaro. “Uye vakanakisisa, pamwe nemukuru weguta, nezvakadaro, vanouya kwatiri. Kunyange Mutungamiri wenyika anouya kuzova nemisa pamwe chete nesu, uye tinouya kune *izvi*, *izvo*, *nezvezvo*.” Nyika yose yakandirwa kurufu rwepamweya, rwemasanganano; kereke yose. Yakafa!

Munoti, “Muri kupararira munzvimbo dzakawanda.”

<sup>111</sup> Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva aNowa, apo mweya misere yakaponeswa, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” “Mumazuva aRoti, apo vatatu vakabuditswa muSodhoma, pazuva iroro. . .” Rangarirai, iye zvino patori nerimwe boka riri kunze. “Asi, sezvazvaiva kareko, apo Mwanakomana wemunhu achange achiratidzwa.” Onai izuva rakadini, onai patiri kurarama!

<sup>112</sup> Iye zvino yakonzera kuti pasi rose rigamuchire hutungamiri hwesainzi hwehurongwa hwedzidzo uho hwaakapiwa naSatani pasi pezita rekereke, hutungamiri hwehurongwa hwedzidzo, hwesainzi. Ndiri kukuratidzai mufananidzo wamwari wenyika ino.

Apo iye, saEvha, aive nehuzaro chaihwo hweShoko raMwari muruwoko rwake, aigona kunge akatora Shoko raMwari. Asi chii chaakaita kwaRiri? Panzvimbo yokumirira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndokurega sainzi ichiratidza kuti Mweya Mutsvene waingova wevadzidzi voga.

Panzvimbo yokuchengeta kupodza kwaMwari kuchienekwa, apo zvino inofanira kunge yave kumutsa vakafa pamwe nokuita zvishamiso zvikuru; yakarega Satani, pasi pehutungamiri hwake hwevanhu wezvekunamata, vatora Shoko raMwari zvino voedza kutaura kuti Raive rerimwe zera. Uye yakazvitenda.

<sup>113</sup> Apo, Bhaibheri rakati, “Zvinhu zvaNdinoita nemiwo muchazviita.” Jesu akazviturea. “Endai munyika yose munoparidza Evhangeri kuzvisikwa zvose.” Tichiri zvisikwa. “Zviratidzo izvi zvichatevera wese weavo vanotenda.” Anoramba zvose zvaRo.

<sup>114</sup> Anoramba zvose zvemweya, zvino akaRitsivanisa nemanzwisisiro ake epfungwa eBhaibheri; apo vapisita, navanababa vatsvene, sokutaurwa kwazvo, uko mabhishopi, maachibhishopi, uko vatariri vedunhu, nevakuru pane zvose, nezvakaaro, vakaisa dudziro yavo pachavo paRiri. Zvino Mwari akavasiya, vagere ipapo, vakafa senguva dzatwelve o'clock.

Zvinhu zvoga zvasara mumazuva okupedzisira rinongori boka remaPentekosti maduku vane chitsamha chemumhanzi unoridzirwa pamusoro-soro sokukwanisa kwavo, vachimhanya vachikwira nokudzika pasi, vachitaura nendimi pamwe nokudanidzira, “zvino vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba Shoko racho.” Vaudze kuti vabhabhatidzwe muZita raJesu Kristu; vanoseka pamberi pako. Asi, izvozvo, Mwari vanoenderera mberi vachizviita kuti zvive saizvozvo zvakangodaro, vachiratidza Shoko raVo kuti ndiro.

<sup>115</sup> Cherechedzai, muti wakaitwa naSatani kuti Evha adye, wakanga uri “muti wezvakanaka nezvakaipa.” Waiva muti wemasanganiswa.

Zvino tarisai pazuva ratiri kurarama mariri, apo Ari kudana Mwenga. Ane kereke iri kutaura kuti iri kuita zvakanaka, apo iyo yakaipa, nokuramba Shoko. Muti wemasanganiswa. O, voti, “Va—vane masosaiti makuru. Ivo—ivo—ivo—ivo vanobatisira vakati. Uye veRed Cross vanozvitsigira. Uye zvikoro zvose, vano... Tarirai pano!”

O, asi ingoramba Shoko rimwe chete, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita kuti ufe; zvisinei kuti ndezve njere zvakadini, zvakanaka zvakadini. Jesu akati, “Mbiriso shoma inovirisa bundu rose.” Dzvinga rimwe rembiriso rinokanganisa bundu. Shoko rimwe chete raMwari, rabviswa panzvimbo, rinokanganisa Mufananidzo wacho wose. Ko toti ruwoko rwangu rwunge rwuri panofanira kunge paine tsoka yangu? Maona? Ko dai nzeve yangu iri zasi kuno uku panofanira kunge paine ruwoko rwangu? “Mbiriso shoma inovirisa bundu rose.”

Unoti, “Ko munoziva sei kuti Riri mugwara?” Mwari vanoratidza kuti Riri mugwara. VanoRisimbisa. VanoZviturea muno muShoko, zvino VanoZviratidza. Ndiwo maziviro atinoita kuti Riri mugwara here kana kuti kwete.

Ingoramba Shoko rimwe chete ndizvo zvoga zvazvinotora kuti ufe. Zvakaunza zvibereko zvimwe chete muzera rino rakaipa, rufu rwepamweya, sezvazvakaita nerufu rwepanyama kurudzi rwese rwevanhu.

116 Cherechedzai kuti Satani akatora zera riya resainzi kareko, raNowa, kuti vazembere pakunzwisisa kwavo. Huh! Bhaibheri rinotiudza, munaZvirevo, “Usazembera pakunzwisisa kwako pachako.” Uye, “Regai shoko rose remunhu rive renhema, uye raMwari rive rechokwadi.” Asi Satani, kubudikidza nezivo yake, kubvira pakutanga mubindu reEdheni, akaita kuti vanhu vazembere pakunzwisisa kwavo. Uye, munoziva, kubudikidza nemabasa makuru eMax Factor’s aaiva nawo kareko, akaita kuti madzimai ave nerunako pachiso rwakakura zvakaita kuti vanakomana vemunhu...vanakomana vaMwari, waro, kuti vawire muchivi nokuvarooro. Ndizvozvo. Murume...Madzimai akanga akarurama kwazvo pachiso, vari tsvarakadenga.

117 Zvino chingotora mudzimainje ari mumugwagwa nhasi. Vazhinji venyu makaverenga nyaya; hamuna kumboinzwa, nokuti ndeapo ndisati ndazvarwa. Pearl O’Brian, vangani vakambonzwa nezvake? Ichokwadi. Aifanirwa kunge ari mudzimai akanakisisa pachiso pasi rose. Zvokuti, hakuna mwana wechikoro anoenda kuchikoro nhasi asi akanaka zvapaketwa kaviri kudarika zvaaiva. Sei zvakadaro? Runako rwemadzimai rwuchange rwuripo mumazuva okupedzisira.

Vakadimbura vhudzi ravo. Vanopfeka nguwo dzevasikana vaduku. Vanopfeka zvikabudura, nemabhikini, uye chero zvamunoadana, pavari. Vanoisa pendi, neponzi tsvuku, nezvinhu zvose izvi zvakasiyana, kuti zviwaite chimwe chinhu chavasiri. Maona? Asi kubudikidza nezivo yesainzi vakabudirira kuzviita. Munoziva here kuti vanoshandisa mari yakawanda pamishonga yekuwedzera runako rwemadzimai, inodarika iripo, muUnited States, kakapetwa kaviri kana katatu mukuwanda, pane inoshandiswa pachikafu chokurarama nacho? Kuratidza kuti, ndizvozvo chaizvo, pamishonga yekuwedzera runako.

118 Cherechedzai, “Vanakomana vaMwari vakaona vanasikana vevanhu,” kwete vanasikana vaMwari, “vanasikana vevanhu, kuti vakanga vakanaka,” uye zvikaita kuti vanakomana vaMwari kuti vawire mumaonero akatsauka. “Zvino ndokutora mhando iyoyi yemadzimai ndokuvarooro,” uye zvakaunza zera rehupfeve, sezvazviri nhasi; sezvazvaiva muSodhoma, sezvazvakafanotaurwa kuti ndizvo zvazvaizove nhasi.

Kuti, apo varume nemadzimai vemuzuva rino vanochinjana madzimai. Kana vasingadi mudzimai uyu, va—vanoenda kuReno, Nevada, vonochata; uye, kana kurambana, neuyo, vochata zvakare mumaminitsi gumi nemashanu. Uye madzimai anyanyonaka pachiso zvokunge uchatopotsa watadza kukunda muedzo wekukwezvwa navo. Zvino chii? Ndidhiyabhore! Munoono Satani achiri murunako? Cherechedzai.

119 Cherechedzai, chivi ichochi havana kumbochiregererwa. Zera irori raive nerunako, resainzi ndiro raiva zera rakaipa rakaparadzwa naMwari kubva pachiso cheniyika; zera

iri rerunako, resainzi. Jesu akati richadzokorora zvakare Mwanakomana wemunhu ave kuda kuuya. Ndizvozvo here? Cherechedzai, Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichave pakuuya kweMwanakomana wemunhu,” apo vose vakaedza kuroora. . . Iye zvino tarirai, “Vanakomana vaMwari vakarooro vanasikana vevanhu vaive tsvarakadenga,” uye Mwari havana kumbovaregerera nokuda kwaizvozvo.

<sup>120</sup> Zvimwe chete nedzidziso yaBharamu, yaakaita kuti madzimai eMoabhi aive tsvarakadenga, vananyanjere, vesainzi kuti. . . nemaziso avo anokwezva varume, mapendi nemapaudha ake, nemapefiyumu ake akanaka, kuti anyengere vanakomana vaMwari; vachiramba madzimai avo aishanda uye vaine mhoni mumawoko avo, vasina kuzora pendi pachiso. Vakavakwezva, zvino, “Ngatirooranei, nokuti tose tiri vanhu vamwe chete.” Yakanga iri nhema! Yaive nhe—nhema, uye budiro yadhiyabhore, yokuti aite kuti vanakomana vaMwari varoore va—vanasikana vevanhu.

Yaiva nhema yadhiyabhore, nokuti Bharami, muporofita uya wenhema, kuedza kuporofita achipesana naMosesi uyo akaedza kubata rudzi rwuri pamwe chete; achiti, “Handiti, tinotenda Mwari mumwe chete. Tinopirisa zvibairo zvakafanana. Tine zvibairo zvakafanana. Tinoita zvinhu zvose zvakangofanana.”

“Zviri pedyosa zvokuti zvingatonyengera Vasanangurwa kana zvichikwanisika.” Maona? [Chibenga patepi—Mupepeti.] Ibvai paari, vanhu! Hamunei nechekuita naye!

<sup>121</sup> Cherechedzai, zvakanga zvisiri kuzoitika kuti Mwari vaizodudzira Shoko raVo kuzera raKaini rakaipa. Kwete. Mwari havaizodudzira Shoko raVo kwavari. Cherechedzai. . . [Chibenga patepi—Mupepeti.]

Mwari, zivo yokuita kuti nyika inyatsonaka uye ive yesainzi uye izere nezvivi, Vakatozoiparadza? Mwari vangaita here zvakadaro, kugadzira nyika yakaisvonaka; tarirai pano, Mwari vachiita kuti vanasikana vaVo vange vakaisvonaka kwazvo, zvino ovashongedza zvekukwezva varume muruchiva, kuti vanakomana vaVo vagovachiva zvino vogoita upombwe? Chii? Mwari kuita chinhu chakadaro?

Boka rino revaRaodhikia vasina kusimira, vakakurura nguwo, vari kunamata mwari wenyika ino, kubudikidza nebumbiro rehunhu hwavo, nedzidzo, nekungwara, nerunako! “Budai maari,” Bhaibheri rakadaro, “musava vawadzani pazvivi zvake, uye musagamuchire matenda ake.” Mwari vachanaisa chivhuramahwe kubva kumatenga pane rimwe zuva, chakakura zvokuti chimwe chete chinenge chichirema zana remapaundi, uye vachamuparadza nokumutaka nemabwe; sekugaroreva kunoita Shoko raVo kuti Vanoita, mirairo yaVo.

Saka, kana Mwari vakaita chinhu chakadaro, vakazarura Shoko raVo kuvanhu vakadaro, Vanenge vari—vari kushaisa

basa chinangwa chaVo pachaVo. Mwari havana hupenzi. Ndivo chitubu chehuchenjeri hwose.

Saka muri kuona kwakabva zvinhu izvi? Zvakabva kunaSatani, uye zvichiri zvaSatani. Zvino kereke yakazvitenda.

<sup>122</sup> Zvino munoona, madzimai, ndiri kuedza nepose pandinokwanisa kukuratidzai Shoko raMwari. Bhaibheri rakati, “Kana mudzimai akadimbura vhudzi rake, anozvidza musoro wake,” anova murume wake. Zvino murume wake ndiye musoro, naMwari, saka anozvidza Mwari nemurume wake.

<sup>123</sup> Zvino izvi ndizvo zvinoratidza kuti ndiyani musoro wehurongwa hwekereke yemunyika. Ndizvo zvinoratidza kuti ndiyani musoro wayo. NdiSatani, ari muchimiro chemunhu wemhando yepamusoro-soro, munhu ane ruzivo, zivo yepamusoro-soro. Anoziva kudarika vamwe vose. Zvisinei kuti Shoko rinoti kudini, a—ane dudziro yake kwaRiri, munoona, dudziro yezera rino rakaipa.

<sup>124</sup> Cherechedzai hurongwa hwake hwekuvaka kereke yesangano yepamusoro-soro, World Council of churches, munoona, sangano repamusoro-soro, kuitira kuti nyika yose igomunamata, chikara, pasi pezita reChikristu chakabatanidzwa. Mungada here kuzviverenga muBhaibheri? Zvakazarurwa 13:6 ne 8. Isvingo reBhabheri rechimanjemanje.

<sup>125</sup> Hamurangarire here kuti Nimirodhi, munyengeri uya, akavaka svingo guru iri zvino ndokuita kuti mamwe maguta ose maduku abhadhare mutero kwaari? Bhabhuri neBhabheri chinhu chimwe chete. Rinongoshandura mazita aro, uye, parinenge richikura. Rave, Rome zvino ndiyo Bhabhironi. Uye pasi rose raunzwa kuBhabhironi, uye rinounzwamo neWorld Council of Churches ichaita kuti imwe neimwe yadzo igoigwadamira. Zvino watotora munembo wechikara, usingazive zvauri kuita. Nokuti . . .

Asi avo vakaSanangurwa vachanzwa Shoko zvino vobva vabuda kunze kwaro.

<sup>126</sup> Sangano rinopesana zvakadini neShoko raMwari! Haana kumbova nerimwe, haana kumboshanda ari mune rimwe, uye haana kumboshanda nerimwe. Ndinoda mudzidzi wenhorooondo kuti andiratidze chero apo muporofita akambouya achibva nemukereke. Ndiratidze apo Mwari vakamboropafadza kereke yakanga . . .mushure mokunge yaitwa sangano. Yakaenda pasherufu ndokufa, nehuchenjeri hwepfungwa hunobva kunadhiyabhore, kubudikidza nevatungamiri vavo, zvino ndokuramba Shoko raMwari apo Raikura muchimiro chakakwana chaKristu. Iye zvino rave kumusoro. Zvinopesana zvakadini!

Zvipatsanurei kubva kunaEvha asingatendi, imi vana veChiedza chemadekwana!



<sup>127</sup> Satani, mwari wezera rino, kubudikidza nezivo yake, achiita kuti vanhu vadye kubva pamuti wake wemasanganiswa ezvakanaka nezvakaipa. Cherechedzai, Satani, kubudikidza nezivo yake, ari kuita kuti vanhu vemuzera rino rakaipa kuti vadye kubva pamuti wake wezvakanaka nezvakaipa. Anoti ari kuvaka budiriro yehungwaru huru yeChikristu, nezivo yake yezvakanaka nezvakaipa, budiriro yehungwaru huru yeChikristu.

<sup>128</sup> Asi mhandara duku yaKristu, Shoko, Boka, Mwenga, haana basa nezivo yake. Anomuchengeta, iye, asiri paari. Chii chiri. . .Iye zvino ngatitaurei nezveMwenga, kwechinguvana. Anomirira Ishe waKe neMireniyamu Yake yokusasana mushure momuchato, ndizvozvo, neChikomba Shoko, sezvo iYe ari Mwenga Shoko.

<sup>129</sup> Zivo nebudiriro yehungwaru, neChikristu chechokwadi, hapana pazvinopindirana. Budiriro yehungwaru, neChikristu chechokwadi, hapana chinhu chimwe chete pazvinopindirana.

Budiriro yehungwaru inouya nezivo. Tose tinozviziva. Zvino zivo yakabva kuEdheni, tazviratidza, nezvaakaparidza muEdheni. Zvino zivo inokonzera rufu. Ndizvo here? Chii chakakonzera rufu mubindu reEdheni? Zivo. Saka haingambova yaMwari, nokudaro ndeyadhiyabhore. Whew, zvakanaka izvo! Zivo, sainzi, dzidzo, ndicho chidziviso chikurusa icho Mwari chavati vambova nacho. Ndezvadhiiyabhore.

Zvino ndichawana matsamba pane izvozvo, ndinozviziva. Ndakaamirira.

<sup>130</sup> Onai tsika dzedu kwadzatipinza zvino. Maona? Onai zvadzaita. Tave papi? Tazembera kuzvinhu izvozvi, kubudikidza nezivo yedu nesainzi dzedu.

Unoti, “Ko Mwari, munofunga kuti haAzive?” O, kwete.

Mwari vachaisa mhando yaVo yebudiriro yehungwaru panyika, kana Vachinge vaitora. Ino inyika yaSatani; ndiye mwari iye zvino wezivo yake yenyika yesainzi. Asi Mwari Vachaisa mhando yaVo yebudiriro yehungwaru. Ichange isiri budiriro yehungwaru yakafanana neino. Imi ingozvirangarirai. Ichange isiri mhando yebudiriro yatinayo nhasi. Kwete, kwete. Ichange iri maererano neShoko raVo nechinangwa chaVo. Nokuti, mwari wezera rino rakaipa achaparadzwa, nehumambo hwake pamwe chete naye.

<sup>131</sup> Zvino zera rino rechimanjemanje rinoda zivo harikwanise kuva nemutungamiri ari nani pane wavainaye, Satani, mutsveyamisi weShoko raMwari, sokutanga kwaakaita mubindu reEdheni, asi munhu wezvekunamata anovimba nokunzwisisa kwake.

Sokutaura kwandamboita kumashure, Zvirevo 3:5, kuti, “Hatifanire kuzembera pakunzwisisa kwedu pachedu.”

Vanofanira kuva namwari, nokuti vanhu. Asi, anovaita zvavanoda. Sezvo ari vanhu, nguva dzose, vanhu vose... Patakauya kuno, takawana maIndia achitonamata zvimupunzo, nezuva, nezvimwe zvole. Semunhu, vanofanira kuva namwari. Saka zera rino guru renjere rinofanira kuva namwari, saka rakava... Mwari wenyika ino ave zivo, masangano, sainzi, “vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.”

<sup>132</sup> Cherechedzai, mwari wavo anovaita chaizvo zvavanenge vachida. Vanochiva nyama, zvino ndiyo yaanovapa. “Vanoda kupfeka mabhikini. Regai varipfeke. Maona? Kana vachida kuita *zvakati* kana *zvokuti*, regai vazviite. Hapana chakaipa pazviri; vanoenda kukereke. Amai vavo vakanga vari muMethodisti, Baptisti, Pentekosti, Presbyteriani. Ingovasiyai vakadaro.”

Ndiye mwari wezera rino; akangwara, ane huchenjeri, wezvesainzi. Hazvidi kutenda. Hapana zvazvinofanira kuratidza. Zvakatoratidzwa kare, nezivo yavo. “Zvino, ndisu kereke hurusa irimo muguta,” zivo yavo. “Mufundisi wedu ane D.D., Ph.D.” Munoono, hazvidi kutenda; vanovimba nezivo. Nokuvarega vachirarama madiro, chero vachingouya kuzomunamata musangano ravo nechitendwa. Pane ziso guru dema ipapo, asi ritarise.

Vanoseka Shoko raMwari, vachitaura zvinhu zvinopesana neShoko; uye nokuedza, kubudikidza nezivo yavo, kuratidza nesainzi kuti Shoko handi rechokwadi. O, izera rakadini ratiri kurarama mariri! Mamuona mwari wezera rino?

<sup>133</sup> Cherechedzai, asi Mwari vakamirira kusvikira kusarurama kwevaAmori ava vechimanjemanje kwazadziswa. Musanetseka, Vachava naMosesi waVo achange akagadzirira panguva iyoyo. Pachava neeksodho, rimwe zuva, kuenda kunyika yevimbiso. Pana Mosesi achauya, achadanira kunze, “kudzoreredza kutenda kwevana kumadzibaba.” Zvichauya, rimwe remazuva ano. Wakambo... .

Munoti, “Saka, onai kubudirira kwatiri kuita.”

Ichokwadi, kusarurama kwevaAmori hakusati kwazara. Kuchauya, rimwe ramazuva ano. Regai vazviparadze pachavo.

<sup>134</sup> Budiriro yehungwaru, zivo, zvinotsveyamisa Shoko raMwari kuti zvienderane nezvido zvavo. Sangano rose rinoita zvimwe chetezvo. Satani zvino anoparidza evhangeri yake yezivo mukereke yake.

<sup>135</sup> Pane mhando mbiri dzevanhu dzakataurwa muTestamende Itsva. “Vana vaMwari, nevana vadhiyahbore.” Manga muchizviziva here? Munoda kunyora pasi Gwaro racho? Johane weKutanga 3:10, kana muchida Gwaro racho. Ndiri kuriverenga ipo pano, ndinaro ndakarinyora. Zvakanaka. Zvakanaka.

<sup>136</sup> MunavaEfeso 2:2, vanonzi, “Vana vokusateerera.” Sezvaiva Evha, haana kuteerera Shoko raMwari. Vana vokuteerera, nevekusateerera, havana pavanopindirana.

Zvadaro ko Mwenga waKristu ungagona sei kuyanana nesangano, apo mumwe haateereri uye mumwe anoteerera? Ko mumwe, angagova sei Shoko; uye mumwe wacho, shoko rakatsveyamiswa? Ko zvingagoneka here kuti chipfeve nemudzimai akachena vafambe vose mukuwirirana? Havakwanise kuzviita. Havawadzane zvachose. “Budai kubva pakati pavo!” Ndezvadhuyabhore. Munembo wechikara. Vari kuenda mauri zvino; masangano ose. Handina basa kuti nderaani.

Mwari vari kutora, kwete sangano, “vanhu veZita raKe.” Sangano harizogamuchiri Zvokwadi izvi. Zvinotatora munhu pachake anokwanisa kuona Mwari, otarisa paShoko raKe zvino oRitenda, zvino orega kuva nhengo yechedero sangano; asi oraramira Mwari, kwete sangano rake, huchenjeri hwepfungwa hwemumwe mubhishopi kana chimwe chakazvidzidzisa. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>137</sup> Vana vokusateerera, nevana vekuterera, havana pavanopindirana. Mumwe weva...ndewe zuva reChiedza; mumwe wacho, weusiku nerima, zera rakaipa, zera rino rakaipa rerima, manaitikirabhu, madhanzi, kunyange zvakadaro vari nhengo dzekereke. Zvakaringana namwari wavo. Havatombopomerwi zvachose nezvazvo; hapana chinovanetsa.

“Ko, hazvindiomeri kudimbura vhudzi rangu,” mumwe mudzimai akadaro. “Hazvindiroveke hana.” Haana hana senyoka isina hudyu. Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwasvo haana. Haatombozivi kuti chinonzi hana chii. Yakapiswa zvakasimba zvokuti haachatomboziva kuti inombori chii. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>138</sup> Vachinyenyeredza, nepamusoro peShoko, vachiti, “Handiti, ndemumwe munhu wechinyakare. Musaenda kumusoro ikoko; vanongori boka reruzha nokungopengereka, zvakadaro.” Huh! Pasina chavanoziva nezvaMwari sekusaziva kwemuHottentot pamusoro peusiku hwemuEgipita. Ndizvozvo chaizvo. Ichokwadi.

“Vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho; ibvai kune vakadaro. Nokuti ava ndivo vava vanoenda kuimba neimba, zvino vachitungamira zvikadzi zvapakata.”

“O, mudikani, uri, unofanira kuita *zvakati*. O, mudikani, ndinofunga muparidzi wako wechinyakare ari zasi uko, kana ukango...O, unoratidzika zvakaivonaka kana wakapfeka kakini,” kana chero zvavanodana chinhu ichocho. “Iwe, kana ukaita *zvakati*, *zvokuti*, uye *nezvokuti*. Ko, kamudzanga kaduku hakana munhu wakanokanganisa. Ndiri nhengo yekereke, uye unoziva kuti sangano redu rinotarisirwa kwariri

sezvakangoitawo remunhu wese.” Usambotenda iyeye munyepi akapendwa. Ari kukunyepera. Ndizvovo chaizvo. Hongu, changamire.

<sup>139</sup> Zvakaringana namwari wavo. O, anofunga kuti zvinoshamisa kwazvo, uye ndizvo zvavanomudira.

Ini zvangu, vanoita nharo newe. Vanonyatsomira voita gakava newe nokuda kwazvo. Handiti, ichokwadi, Satani akamira pamberi pechiso chaJesu Kristu, Shoko, zvino ndokuedza kuti, “Zvakanyorwa.”

Zvino heunoi Uyo, Shoko raMwari rakasimbiswa. Akati, “Ibva shure kwangu, Satani!” Ingofamba nokuita chinhu chimwe chete.

Semunwe muchinda akataura kwandiri pane imwe nguva, akati, “Zvino, kana muchitenda kuti rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene nderwemazvirokwazvo, uye mugotenda kuti munarwo,” ndokuti, “zvino ndirovei nehupofu.” Akanga ari muparidzi. Akati, “Ndirovei nehupofu!” Akati, “Pauro akarova mumwe—mumwe murume nehupofu rimwe zuva.”

<sup>140</sup> Ndikati, “Changamire, ndingakurovai sei nehupofu imi muri bofu nechekare? Ko ndingakuurayi sei imi makafa kare?” Uh-huh.

Akati, “Ini, maziso angu anoona zvisina dambudziko!”

Ndikati, “Chikamu chako chepanyama; asi uchingori bofu.”

“Hazvikwanisike! Bhaibheri haridudzire zvinhu. Tinotaura Bhaibheri parinotaura, tonyarara paRinenge rakanyarara.”

<sup>141</sup> Ndikati, “Zvakanaka, zvino Eria paakanga ari zasi ku—kuDhotani, unoona, kwakauya hondo yose yavaSiriya ikoko. Zvino muranda akamhanyira, ndokuti, ‘O, baba vangu!’ Ndokuti, ‘Baba vangu,’ ndokuti, ‘vaSiriya vakatikomba.’”

“Eria Akapukuta meso ake, akamuka ndokuti, ‘Pane vakawanda vanesu kudarika vanavo.’”

“Akati, ‘Hapana wandiri kuona.’”

“Ndokuti, ‘Mwari, zarurai meso ake.’ Zvino, akanga ari bofu. Zvino akatarisa kumuporofita wakare uyu, nepamakomo; kwaive kuzere neNgirozi, nengoro dzeMoto, nemabhiza eMoto.”

“Zvino akafamba ndokuendako, zvino Bhaibheri rikati, ‘Akavarova nehupofu.’ Hupofu kunei? Kwaari iye. Akabudako, ndokuti, ‘Muri kutsvaka Eria here?’”

“‘Hongu, tiri kumutsvaga.’”

“Ndokuti, ‘Uyai kuno, ndichakuratidzai kwaari.’ Eria achivatungamira kunaEria. Mapofu!”

Ndikati, “Unoziva zvandiri kuzotaura kwauri? Chaizvo izvo Ishe wangu akataura kunababa vako, ‘ibva shure kwangu.’ Uh-huh. Uh-huh.

<sup>142</sup> Cherechedzai, vana vokuteerera, nevokusateerera, havana pavanowirirana. Vasingateereri vanonamata mwari wavo. “O,” vanoti, “tinotenda Bhaibheri.” Hongu, muti wemasanganiswa. Munoono, vanosanganisa nyika pamwe nezivo kwaRiri. Muti waSatani, wakasanganiswa; munoono, akatora kubva kumuti waSatani, zvakanaka nezvakaipa. “O, tinotenda Shoko.” Ichokwadi, asi kwete Rose. Evha akatendawo Shoko, zvakare, asi akarega—akarega Satani achitora muti wake ndokuRitsveyamisa zvisihoma. Ndizvo zvazviri.

“Ani naani achawedzera shoko rimwe chete, kana kubvisa Shoko rimwe chete kubva paRiri.” Iye achiri mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi! Cherechedzai. Zvakanaka.

<sup>143</sup> Zera rino rakaipa ndererima, asi zvakadaro nderekereke. Mwari wavo, vanomudira izvozvo, maitiro aanovarega vachiita. Havanzwe kupomerwa. Hapana chinovanetsa chero vari nhengo yekereke.

Bharami akadzidzisa kereke chinhu chimwe chete. “Ngatibatanei; tose takafanana.” Ndiwo aive manomano okupedzisira. Mwari havana kumbovaregerera nokuda kwekutenda nhema yakadaro.

<sup>144</sup> Rangarirai, chaive chivi chisingaregererwe, katatu muBhaibheri, kuti chero munhu awedzere shoko rimwe chete redudziro yavo kuShoko raMwari mushure mokunge rasimbiswa kuti iChokwadi.

Mubindu reEdheni, ndizvozvo, mubindu reEdheni, shoko rimwe chete rakawedzerwa rakakonzera rufu.

Bharami paakawedzera shoko, rokuti, “Tose takafanana,” ivo, Mwari havana kuregerera Israeri nokuda kwazvo. Mumwe nomumwe wavo akapararira murenje, kunze kwevatatu vakabuditswa naMwari.

Jesu akati, “Vose, zvavo, vakafa,” zvinoreva kupatsanurwa zvemunaZiendanakuenda. Vose vakaparara; havana kumboregererwa. Chivi chisingaregererwe; havana kumboregererwa. O, ini zvangu!

Chitizei, vana veZviyedza zvmadekwana!

<sup>145</sup> Maona here zvino kuti ndiyani mutungamiri wezera rino rechimanjemanje, rezvinamato, rakaipa? Ndidhiyabhore, achitora muti uya wezvakanaka nezvakaipa, zvino ouisa kunze uko, cherechedzai, achiunza kereke mwenga wake akarurama kuecumenical council kumuchato. Izvi zvakanaka. Kereke yake yesainzi inoratidzika, neose ma—ma—madhigirii anokwanisa kuwanikwa; maPh.D anobva kuchurch of Christ, maPh.D anobva kuBaptisti, Presbyteriani, maPentekosti, nevose. Vachiaunza ose, nezvinhu zvawo zvakashongedzwa pamwe nemakereke makuru, ose kuecumenical council, “Tiri vamwe.” Havambofi vakazviregererwa. Sangano, kupfeka

mucherechedzo wesangano, munembo wechikara. Takatopedza nezvazvo pano; kuzviita. Chitizei, vana, chitizei! Maona? Kereke huru, yakanaka kumapfekero ezvokunamata, vakapfeka munembo wake!

Zvikabudura, chokwadi, hanzu dzemunyika, dzinokwezva ruchiva, pendi, vadzidzi chaivo vakanaka vadhiyabhore, kuti vatape vanakomana vaMwari; kuroodza mukomana akanaka akaberekwa zvizere mune zvisingatendi zvakadaro. Ndizvo chaizvo. Zvaka. . .

<sup>146</sup> Makati, “Kudimura vhudzi, zvine basa rei?”

Hama, ngatimirei pano kwechinguvana. Ndanzwa kuti mumwe munhu azvipikisa. Anogona kunge ari kunze panhare kumwewo.

Teerera. Vhudzi kumudzimai imhiko yeHunazire. Vhudzi kunaSamsoni raive mhiko yeHunazire. Zvino kana mudzimai akadimbura vhudzi rake, a—anoramba zvachose mhiko yake yeHunazire yokuti Mwenga waKristu. Nokuti, ipapo, chinhu chimwe chete ichocho, anobva akanganisa Mufananidzo wacho wose. Chaizvoizvo! *Munazire* “ndeuyo akayereserwa chimwe chinangwa.” Ndizvoizvo here? Samsoni akanga akayereserwa kune rimwe zera uye kune chimwe chinangwa, nokudaro akanga aine vhudzi rakareba. Mudzimai uyo ari mwana waMwari, anorega vhudzi rake richikura, kuratidza kuti akayereswa kuShoko rose raMwari.

<sup>147</sup> Kana akaridimura, handina basa kuti anotamba zvakadini, kuimba, ari mukwaya, nokutaura nendimi, anomhanya achikwira nokudzika, kana kuti ane mhando dzakasiyana dzemasosaiti anobatsira, akafa. IZVANZI NAJEHOVHA, Shoko raMwari. VaKorinte Vokutanga 14. Hongu. Mudzimai aramba mhiko yake yeHunazire ndokuzvitengesa kunamwari wezera rino rechimanjemanje. Anozviita. Zvino, unonyadzisa iwe, mudzimai, kana mukadzi!

<sup>148</sup> Vatapi chaivo vevanakomana vaMwari, sezvazvaiva. Sokutaura kwakaita Jesu, “Sezvazvaiva mumazuva aNowa, madzimai aive akarurama pachiso, zvino vanakomana vaMwari vakatanga kuroora pakati pavo, saka ndizvo zvazvichaita kana Mwanakomana wemunhu odzoka.” Uye mwari wavo anofunga kuti zvinhu zvikuru, uye zvakanaka, zvesainzi, zivo; fashoni yekuHollywood, yakagadzirwa mushopu yake, ichokwadi, zvose izvi pano zvinonamatira nezvinhu, munoziva.

<sup>149</sup> Zvino mudzimai, kereke yake, anonyatsoida kwazvo! O, ini zvangu! “Ndichakupa kunzwisisa, ndiri muMethodisti. Ndiri muPresbyteriani. Mufundisi wedu ane pfungwa dziri nani pane kuti ataure chinhu chakadaro.” Haana pfungwa dzakakwana dzokutaura zvinotaurwa naMwari zvino. Maona?

<sup>150</sup> Mudzimai, kereke, anongozvinamata zviri nyore. Anozvida. Chaizvo zvaanga achida! Hapana chimwe chaanozvibanidza

nacho, hama, kana kuuya mune chimwe chinhu chokuti anofanira kuita sezvakasiyana nezviri vanaJezebheri vechimanjemanje ava, nokuti ndiwo hunhu huri maari.

Ko ungangova humwe hunhu hwakadini... “Ndiyani nokufunganya anokwanisa kuwedzera kubiti rimwe chete pakureba kwake?” Kana wakaberekwa uchinzi uchava wakareba mafiti mashanu, hauzombova nemafiti matanhatu. O, hongu, “semuchina unorebesa” waBooth-Clibborn.

<sup>151</sup> Zvino teerera, murume, imi boka ravanaRiki! Kana wakabarwa kuti uve murume, zvino chiita somurume. Iri vhudzi repahuma rakaremba kumeso kwako, robva rapenderwa mudenga semamwe maitiro anokwezva eruchiva, sei, imi chizvarwa chakatsveyama cheniyoka! Dambudziko renyu nderei, zvakadaro?

Mwari wangu achatonga nyika ino nemoto. Vachainyudza pasi pegungwa. Nguva yekutonga kwaVo yave pedyo. Pasi rose richaparara.

<sup>152</sup> Kutsveyama kwezvinamoto! Kutsveyama kwevanhu; varume havatombozivi kuti vari kudivi revarume here kana remadzimai, kanawo madzimai. Anosimuka akapfeka hovhorosi yemurume, kana chimwe chikabudura, nguwo dzokuti... mafambiro ake ose pamwe nechimiro chemuviri wake, zvino ozviti Mukristu. Haatombori mudzimai kwaye, ko kuzoti Mukristu. Chipfeve chemumugwagwa chinoshandiswa naSatani, chinofemerwa naSatani, kutumira vanakomana vaMwari kugehena, kuzadzikisa Shoko rakataurwa naJesu Kristu kuti raizoitika. Ndanga ndisiri kureva kutaura kudaro, asi Azvitura, zvakadaro. Munoono kunobva mweya wezvekunamata uyu? Muti wemasanganiswa.

<sup>153</sup> Unoti, “Midhebhe yakamboipei,” kana chero zvavanoudana, “zvika banga?” kana chero zvazviri.

Bhaibheri rakataura, kuti, “Chero mudzimai anopfeka hanzu yakafanana neyemurume, chinyangadzo pamberi pechiso chaMwari.” IZVANZI NEBHAIBHERI.

Uye mudzimai anodimura vhudzi rake, anozvidza musoro wake. Uye hazvibviri... Chivi kuti mudzimai anamate aine vhudzi pfupi, Bhaibheri rakadaro, kunamata paruzhinji musoro wake usina kufukidzwa. Uye rake... .

O, unoti, “Ndinopfeka nguwani.”

<sup>154</sup> Iwe munyengeri, kudzidzisa madzimai zvinhu zvakaita saizvozvo! Apo, Bhaibheri rakati, “Vhudzi rake akaripiwa kuti rive chifukidzo,” kwete imwe nguwani yakagadzirwa nemunhu. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Handina mungava; ndinongori nemungava wekutaura Chokwadi. Musanyengera, sokutaura kwakaita Bhaibheri, “Kubata Shoko raMwari

nohunyengeti,” ku—kugadzira kana—kana kuita chikumbiro cheboka ranaRiki.

<sup>155</sup> Ndine shoko rokuti *kuipa* pano. [*evil* muChirungu—Muturikiri.] Ndina “Elvis” akanyorwa pano panzvimbo ya *evil*. Zvakangoda kufanana. Shoko rokuti Elvis rinoreva “kitsi,” uye shoko rokuti *Ricky* rinoreva “gonzo.” Paunoti “Ricky muduku,” uri kureva, “gonzo duku.” Zvaunomutumidza, ndizvo zvaari. Kana mwana wako akatumidzwa kudaro, rishandure nokukasika, nokuda kwechikonzero cheEvhangeri. Usatumidze mwana . . .

Hauna kumbonzwa mazita akadaro kare muBhaibheri, kana mune rimwe zera. Ndiro zera racho, zita remuzera rino. Kana pakambova nemakonzo nekitsi zvakatsveyama, zviri imomo.

<sup>156</sup> Zvose izvi . . . ? . . . vanoridza mimhanzi vane mamiriyoni emadhora, nevana ava vari kufamba kunze uko, havakwanise kuenda ku—kuchikoro vasina chimwe chinhu chakapfekerwa munzeve, nekaredhiyo kadiki kari muhomwe yavo, kachingoti, “boom-de-boom.”

O, vanouya uko kumba, zvino takaita . . . Machinda aya aiedza kupenda imba yangu uko. Takati, “Buditsai chinhu icho muno. Kana musingakwanise kushanda chisipo, zvararo siyai basa. Zvinondiita kuti ndihute-hute zvokuti handikwanise kumira pano. Nzvimbo ino takaikumikidza kunaMwari. Hatidi mhando yakadaro yezvisina maturo zveboogie-woogie yemazuva ano okupedzisira munharaunda ino.” Ndakati, “Idzimei kana kuti siyai basa racho!”

<sup>157</sup> Cherechedzai, wezvinamoto, zvakadaro, o, chokwadi, onyatsoenda kukereke zvino omira muruvazhe, achiteerera kuboogie-woogie.

<sup>158</sup> Uyezve, cherechedzai, Mwenga waKristu weShoko uri kuenda kumusoro, zvakare. Patiri kuona kuri kuenda antikristu, kutangira kumashure uko uye zvino ave kusvika kumusoro; ecumenical council ichazviisa kumusoro wezvinamoto. Zvino Kereke duku yanga iri kuuyawo, zvakare, Mwenga weShoko waKristu zvichidzika nemuzera, wave kusvika kune Musoro, nokuti Ari kuzobatanidzwazve kuChikomba chaKe. Nguva dzose, sezvakaita kereke nezvimwe zvose, Inofanira kubatana. Gorosi, zvimwe zvose, zvinonyatsodzoka kumusoro wawo kwawakatangira; saKaini naAbhero. Mwenga weShoko uchikwira muMunhu weShoko raMwari rakaratidzwa muzera rino rakaipa ratiri kurarama mariri. Maona kwairi kunogumira?

<sup>159</sup> Zvino Satani achatora mwenga wake wenjere zvino osimudzira mukuru uyu, anova antikristu, hushe, zvino omugadza muchigaro chohushe, “zvino nyika yose ichamutevera.”



Uye zvadaro Kristu achauya. Zvino vaviri havakwanise kuvepo panguva imwe chete. Zvino humambo hwake huchatorwa; iye achaparadzwa.

Uye Kristu, Shoko raMwari . . . Zvinova, mudzimai chikamu chemutumbi wemurume. Havasi vaviri; vari chinhu chimwe chete. Uye Mwenga, Kereke, Shoko, “vanhu vakadanwa kubva *pano neapo*, kuitira Zita rake,” vachabatana muMutumbi waJesu Kristu.

Zvino humambo hwaantikristu huchatorwa pamwe nokuparadzwa. Zvino Kristu achatora chigaro choushe, zvino ogara pachigaro chababa vaKe Dhavhidhi, zvino otonga panyika kwechiuru chemakore; zvino ozokumikidza Kereke kunaMwari, “isina gwapa kana chipomerwa.” Hongu!

<sup>160</sup> Zvino cherechedzai vhudzi rake refu, mhiko yeHunazire kuShoko. Ndichatora mufananidzo weMwenga waKristu zvino. Taona mufananidzo waantikristu, paari, ari wezvinamoto nezvimwe, sainzi. Zvino Mwenga waKristu muduku wakaninipa anongotenda Shoko zvakadaro, angave Ani zvake. Munhu dungamunhu. Ndine tariro uye nokuvimba kuti pane vakawanda vakagara muno, vakawanda vari kuteerera kubva kunze. Uye ndine tariro kuti ini pachangu, nemi mose, tiri chikamu cheMwenga uyu. Ndinotarisa kuti vakawanda. Uye, zvichadaro, vose vakatemerwa kwazviri vachava saizvozvo, nokuti ndiwo hunhu hwavo. Vanoona. Shoko rinongogona bedzi kucherechedza Shoko. Harikwanise kucherechedza sangano kana kutsveyamiswa. Rinoziva zviri nani; IShoko. Maona? Hapana chimwe charinocherechedza . . .

Gorosi harikwanise kuva chimwe chinhu kunze kwekuva gorosi. Rakatanga, riri gorosi; rinosvika kumagumo, riri gorosi. Uye sora harikwanise kuva gorosi, kunyange richidiridzwa nechizoro chimwe chete. Maona? Asi harisi gorosi. Sezvandakataura pane rimwe zuva, pamusoro pemuti waiwa nematavi akasiyana pauri.

<sup>161</sup> Vhudzi rake refu, mhiko yeHunazire, zvinoratidza kuti Ane mhiko kunaMwari. Hanzu yake yakanaka yeShoko raKe rakavimbiswa remuzera iroro raAri kurarama mariri, rakamoneredzwa paAri, richisimbisa Mwenga naye pachaKe, wevaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Sezvo, Iye ari chikamu cheChikomba Shoko, akatendeka kwaAri mune zvose.

<sup>162</sup> Iye zvino tarirai. Kana mudzimai akaenda kunze uko uye akaroorwa nemurume, zvino obuda kunze onoita zverudo nemumwe murume zvino obva azivana naye, zvino ozodzoka kumurume wake, anofanira kumukavira kunze. Ndizvo here? Anofanira kunge akatendeka kwaari, nokuti ane mhiko kumurume.

Uye Mwenga waKristu une mhiko kunaKristu; zvino Iye iShoko.

Haafanire kana kumbotswinyira ziso kune rimwe divi, mudzimai haafanire kana kumbotswinyira ziso kune mumwe murume. Haafanire kuita zvimwe zviratidzo, kwete mamwe manzwi zvachose kwaari, nokuti angori zvachose mwenga wechikomba chimwe chete.

<sup>163</sup> Hatidi zvemiti yako yemasanganiswa, masangano ako. Iva wakatendeka kunaKristu, Shoko. AchaRisimbisa kuti nderechokwadi. Kwete, changamire, kwete kana manyawi echii zvacho akanangana nokuita rudo kwaari, kwete kuzvibanidza muhurongwa hwake kana chero chipi zvacho, kana kumuita kuti akubate mumawoko ake kana muchengetedzo yake, kana—kana kutaura newe pane *zvokati*, pane *zvokuti*.

Iwe unoteerera bedzi kuInzwi rimwe chete. “Makwai angu anonzwa Inzwi raNgu. Muenzi haa . . .” Chii Inzwi raKe? Inzwi remunhu wese ndiro shoko rake. Uye iri ndiRo, Bhaibheri, hapana inzwi rimwe chete rinofanira kuwedzerwa kwaRiri kana kubviswa kwaRiri. Chingogara neInzwi racho. “Muenzi haamutevere,” sangano.

<sup>164</sup> Sezvo, Ari chikamu cheChikomba, akatendeka kwaAri pazvinhu zvose, akamirira Muchato. Achibatana, kwete paecumenical council; asi muchadenga, paSvusvuro yeMuchato. Mudzimai akapiwa . . . Izvi ndezvekereke yedu chete. Ke . . . Akapiwa, ndokuzarura kwaAri, zvakananzika zveZvisimbiso Zvinomwe zveMuBhaibheri. Maona? Anoona hupenzi hwemunyengeri, ari pedyo kwazvo neChokwadi, zvinopotsa zvanengera Vasanangurwa. Anozviona. Iye . . .

<sup>165</sup> Onai mweya miviri inopesana iri kushanda muzera rino rakaipa? Munogona kuzviona here? Mumwe nomumwe wawo unonamata zvikuru, Kaini naAbhero, mweya zvakare yave kusvika kumagumo ayo, ichingori zvimwe chete sepayakatanga. Mumwe, uchinamata nerunako, uye nezivo, uye nedzidzo, uye nesainzi, uye nezvitevedzwa. Zvino Mumwe wacho, nokutenda kwechizaruro cheShoko raMwari. Yose iri miviri imire muchivakwa chino mangwanani ano. Ndizvo chaizvo.

<sup>166</sup> Chizaruro, kana kutenda, muShoko raKe, haritaure nezvezivo; Mukristu chaiye, wechokwadi.

Vanoti, “Ko une here—une here dhigirii rachiremba?”

Haana zvaanotaura. “Ndi—ndinotenda Shoko raKe.” Maona? Haana chaanotaura. Haazviti akadzidza. Haasi wemusangano ripi zvaro, chero bato, chero gungano. NdewaKristu. Iye Mudzimai waKe; kwete mudzimai kereke.

Iye chipfeve. Bhaibheri rakati akanga ari “mhombwe,” uye, “AMAI VEZVIPFEVE,” uye vose vanouya pamwe chete vogadzira mhombwe imwe chete. Zvino mhando yakadaro

yemudzimai mudzimai asina kutendeka kuMurume wake; uye achitora Kristu semurume wake, asi ari wesangano. Zvisina maturo zvakadaro! Tiri vaKristu.

<sup>167</sup> Asi, mukuteerera, Mudzimai muduku uyu wekutenda, anorarama nokutenda, Mwenga; munhu *pano, apo*; pano, hoyo waenda kumwewo kunhu, kune imwe kereke, rimwewo sangano, chero zvariri, mune imwe isiri... Anotenda Shoko raMwari, anoteerera, akamirira murudo, kuti vimbiso yezera isimbiswe. Akaitarisira. Iye chikamu cheShoko iroro, uye Ari kutarisa hupenyu hwaKe kuti huratidze Shoko iroro.

Hama, hamusi kuzviona here? Ndine tariro yokuti hazvina kuenda nepamusoro penyu.

Mutumbi wakamirira (uyo unova Shoko), wakamirira Hupenyu (uyo iwo Mweya) kusimbisa kana kuUita kuti uve hupenyu. Ndizvo zvaAkamirira. Hapana humwe hupenyu huchashanda maAri. HaAkwanise kuuya kuhupenyu neimwe nzira. Zvakadaro, Anounzwa kunze uko, uye Anoziva kuti zvichaitika; zvino hepanoi zvoitika, zvino Anopepuka. Mwari vakati, “Ngakuve,” zvino akauya sokuuya kwakaita wekutanga.

<sup>168</sup> “Vana vokusateerera” zvinoreva kuteerera... *Kusateerera* zvinoreva “kupandukira.” Ndazvitsvaka muduramazwi, kuti ndive nechokwadi. Kupandukira, kunge uchipandukira (chii?) Shoko raMwari rakazarurwa. SaKaini akazarura... akapandukira chizaruro chakazarurwa chaAbhero, chakasimbiswa naMwari kuti chaive chakarurama. Zvino Kaini akachipandukira, zvino ndokuuraya munun’una wake.

VaFarise, nezivo yavo yesangano yezvaiva Shoko raMwari, vakasarudza varume vavakasarudza, vakapandukira Shoko raMwari rakasimbiswa rakaratidzwa muzuva racho, Jesu Kristu, zvino ndokuMuuraya. Ndizvo here?

Ndizvo izvo “vana vokusateerera” vari, kupandukira Shoko raMwari.

Iye zvino muri kuona here pavari? “O, mazuva ezvishamiso akapfuura. Jesu Kristu haachisiri zvimwe chete. Hakuna chinhu chakaita serubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinhu zvose izvi hazvina maturo!” Munoono, kupandukira! Havafanirwe kutaura zvinhu zviviri; vanofanira kungotaura chimwe chete, ndizvo zvoga. Ndiko kupandukira, pakare ipapo. Havakwanise kuti hamuna maziso, hamuna nezve; munofanira kutora mutumbi wose, Shoko rose. Maona?

Mweya Mutsvene unodana, “Budai pakati pake, musava vawadzani nechitendwa chake chesangano,” paanenge achiseka nokunyomba Shoko raMwari rezuva rino.

“Nokuti Mwari havasekwi,” ingorangarirai. Achazviwana. Musanetseka. Achazviwana. Bhaibheri, muna vaEfeso 4:30, kana muchida kuzvinyora pasi, vaEfeso 4:30, yakadaro. “Mwari

havasekwi. Icho munhu chaanodyara, ndicho chaachakohwawo zvakare.” Havakwanise kuseka nokuita dambe, nokutaura zvinhu izvi, vosiwa pasina chinovawana. “Sechingwa pamusoro pemvura, chichadzoka.”

<sup>169</sup> Iye mwenga wadhiyabhore, akaputirwa muzivo yake yemuzera rino rakaipa yezvekunamata, inofarira chivi, kuti akunyengerei. O, ini zvangu! Boka rose rizere kana sangano remweya inonyengera, kubudikidza nezivo yesainzi nebudiriro yehungwaru yechimanjemanje! Vachiti . . .

Tave kuzovhara mumaminiti mashoma. Ndave kuzofanira kuchimira, nokuti handikwanise kuzvipedza zvose, munoona.

Achitaura kuti ari kuvaka nyika huru yokuti mugare mairi. Anotaura kudaro, kuti, mubudiriro yake yehungwaru, akavaka makereke akarurama, makoreji, zvikoro, zvipatara, maraibhurari, uye nebetsero yechinguva yevanhu, pasina Shoko raMwari. Akazviita. Akaratidza kuti anokwanisa kuzviita. Uye vanhu vakazvigamuchira; hongu, changamire; zvikoro, masangano, tsika, vanhu vakapfeka zviri nani, vanhu vanodya zviri nani.

Ndingasva ndinge ndiri mumutsara wechingwa, uye ndakarurama kunaMwari; pane kudyu huku yakakangwa katatu pazuva, uye ndigofanira kuva nhengo yechipfeve chakadaro.

<sup>170</sup> Rangarirai, nguva yaswadera kwazvo apo munembo wave kusvika. Uchange uri mukati mawo kana kunze kwawo. Uchaya sembavha husiku. Uchakubata uri imomo chaimo, zvino unenge urimo. Panenge pasisina kubudamo zvino; unenge watoutora. Buda kunze!

Mutumwa akaburuka kubva Kudenga, aine chiso chaipenya zvikuru, zvino ndokudanidzira kuvanhu. Zvakazunguza nyika. “Budai muBhabhironi, nokuti rawa. Musatora matenda aro, vanhu vaNgu!” Budai maari. Budai kunze! Hatina kungobva kuzviverenga here muShoko, nguva shoma yapfuura? *Ngirozi* “mutumwa,” munoona, ichiburuka pasi. Cherechedzai Mweya Mutsvene, “Budai kubva maari, kuti musawadzane.”

<sup>171</sup> Iye zvino yavaka zvinhu zvose izvi. Yavaka makereke makuru kwazvo. Yakavaka koreji, zvikoro, nokutora vanhu nekuvadzidzisa mu—mubudiriro yehungwaru, iri nani, sokutaurwa kwazvo. Uye vavadzidzisa nebudiriro yechimanjemanje iyo yavaunza mugomba rerufu, kubudikidza nezivo, zvavabvisa kunaMwari neShoko raKe.

Hamuone here zano rose? Muri kuzviona here, kereke? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kunze uko munhepfenyuro, kana mukazviona muungano dzenyu kunze uko, itai “ameni,” vamwe vose vanofoziva pamumire. Maona?

Akazviita. Iye. . . Ndimwari wenyika ino, uye akavaka makoreji. Akavaka mayunivhesiti. Akavaka zvipatara. Akavaka

marabhurari. Akavaka zvinhu zvose izvi kuti munhu abatsirike kwechinguva chidiki, zvakangokwana kuti zvivanyengere, kuti vatsauke kubva paShoko irori. Zvino akavatungamira kupi? Makereke ose awisirwa murufu, nokuti Mwari vakataura kuti Vachapisa chipfeve, pamwe nevana vake, nemoto narinhi.

Budai mazviri, vanhu! Musawanikidzwe muri imomo. Ibvai muchinhu ichochi nokukasika kwamunogona!

Kubudikidza nezivo yake yezvesainzi, akwanisa kuzviita, zvino cherechedzai, asina Shoko raMwari.

<sup>172</sup> Mwari havana kutiraira kuti tiende tinova nezvikoro. Havana zvachose. Havana kumbotiudza kuti tivake zvipatara. Zvakanaka. Havana kumbotiudza kuti tivake marabhurari. Kwete, changamire. Havana zvachose.

Vakati, “Paridzai Evhangeri.” Zvino, Evhangeri, kuonesa, kuratidza simba reMweya Mutsvene.

Pauro akati, “Evhangeri yakauya kwatiri, kwete kubudikidza neShoko bedzi, asi kubudikidza nekuoneswa nokuratidzwa kweMweya Mutsvene.” Pauro akati, “Handina kumbouya kwamuri nemanzwi makuru ehuchenjeri hwemumwe chiremba wezvokuti, asi ndakauya kwamuri musimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene; kuitira kuti kutenda kwenyu kusange kuri muhuchenjeri kana zivo yevanhu venyika ino, asi musimba rekumuka kwaJesu Kristu; nokuti Anorarama, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mwari vatibatsire kutenda chinhu chimwe chete, uye Mwari vasimbise chinhu chimwe chete sezvaVanga vari kuita.

<sup>173</sup> Anokudzivisa kuona chizaruro chechokwadi nokutenda kweShoko raMwari riri kuzarura nokuratidzwa nhasi, kubudikidza nezvikoro zvake, marabhurari, zvinyorwa, zvipatara, nezvimwe zvakadaro. Maona? Anokudzivisa kubva kwachiri. Ave zvino kududzira, sezvaakaita kunaFaro, achiedza kukutadzisa kuona zvinoreva Shoko rezera raKe rakavimbiswa muChiedza chamadekwana, chakasimbiswa nokuratidzwa. Akaedza, nezivo yake, nezvikoro, nevanhu vakadzidza zviru nani, nezvitendwa, nezvimwe zvakadaro, kukudzivisa kuti usaRione.

Chero chinhu, kuitira kuti usaRitarise zvino wozoono kuti ndiJesu Kristu! Unoziva sei kuti ndiJesu Kristu? Iye iShoko, uye Ndiye Shoko rezera rino. Uye zera rino, zvakanzi izvi zvichaitika muzera rino, uye hezvinoini zviru kuitika. Maona? Maona? Ari kuedza nepose paanokwanisa kuti usaRione.

Anoisa chero zita rose rakashata raanokwanisa paRiri. Maona? AnoRidana kuti “vaumburuki vatsvene” uye nezvimwe zvose. Akadana Jesu kuti “Bherizebhabhu.” “Zvino vanodana Tenzi wemusha kuti Bherizebhabhu, ko kuzoti madaniri avachazoita vadzidzi?” Maona?

174 Munoono, ari kuedza kukudzivisa kuona chaizvo zvinorehwa neShoko. Kwete izvo...Munoono, ari kuRidudzira, achiti Rinoreva *zvokuti*.

Mwari vakati, “Ndakavimbisa mumazuva okupedzisira ndichakutumirai Maraki 4.” Hazvidi kududzirwa; Vakazviita. Vakati, “Uye sezvazvaiva mumazuva aRoti, nyika ichange iri muchinhano cheSodhoma; uye panguva iyoyo, ndichazarura Mwanakomana wemunhu nayo, ndizvo chaizvo.” Tine mhando dzose dzakasiyana dzekutevedzera pamwe nezvimwe zvose, yazvo, asi tine chaIyo yacho, zvakarewo. Maona? Vakati Vaizozviita.

Vakati antikristu aizosimuka zvokuti aitopotsa anyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka. Asi ndokuti, “Vasiyei vakadaro. Varegei vaende mberi. Hupenzi hwavo huchaonekwa.” Sei? Kuedza neShoko kunozviratidza. Maona?

Kana zvasvika paShoko iroro, “Ranga riri rekare nenzira *iyi, iyo?* O, handitendi mumbeu yenyoka. Handitendi *zvakati, zvokuti, uye nezvokuti.*” Harina kumbozarurwa, munoono, kwete, kwete zvachose. O, hama, ingotarisa uko...

Tave kuzofanira kuvhara, nokuti dzave twelve o'clock.

175 Cherechedzai, kuedza kukudzivisa kuti musaone zvinorehwa neShoko rezera rino, reChiedza chamadekwana riri kududzirwa. Zvaka...Zvinorevei? Nguva yeeksodho yaswedera, Mwari vari kuMvinga, sechokwadi senyika. Maona?

176 Iye zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Apo, dziri twelve o'clock iye zvino, yadarika nemaminitsi mashanu; zvino tichaenderera mberi, nhasi manheru. Muri kuona here mwari wezera rino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munozvitenda here? [“Ameni.”] Maona zvairi, kereke, yenjere, yesainzi?

Pasi rose ndiko kwariri, munoono, masangano. Zvino, ukati, “Ndiri Mukristu.” “Uri wesangano ripi?” Zvakanaka, dai ndiri werimwe sangano, handitendi kuti ndingadai ndiri Mukristu. Zvino, ishoko rakakura, asi ndizvozvo.

Ndichangopedza kutaura kuti zivo nesainzi, neChikristu, hazviyanane zvachose. Chimwe ndechadhiyabore, uye chimwe ndechaMwari. Chose chinhu chinoramba Shoko raMwari, garirai kure nacho. Maona? Kwete, changamire. Bhaibheri rinodanira, mumazuva ano okupedzisira, kuti Makristu abude kubva muchipfeve ichi, muti wechakanaka nechakaipa.

177 Chokwadi, ine zvakanaka. Pane angataura chakaipa pamusoro pechipatara? Kwete, changamire. Raibhurari? Kwete, changamire. Dzidzo? Kwete, changamire. Asi, munoono, vari kuvapa izvozvo pasina Shoko. Munoono here kunyengera kwazvinoita? Kuvapa kereke kwekuenda,

chinamoto chokunamata, “chimwari chigere pachigaro choushe.” Bhaibheri rakafanozvitaura.

<sup>178</sup> Iye zvino uri nhengo yemumwe wemitumbi iyi. Panongori nemiviri panyika iye zvino, zvagara zvakadaro, uye zvichadaro kusvikira Jesu achiuya, zvino mumwe wacho uchaparadzwa. Zvino uri nhengo yemumwe wemitumbi iyi. Mumwe wawo, wawakajoinha; mumwe wacho, unobarwa maUri. Maona?

Mumwe wacho, uri nhengo yawo nokuti wakabarwa maUri. Unofanira kuva nhengo yaWo. Ndingaramba here kuti ndine ruwoko? Sokusakwanisa kwandingaita kuramba chero Shoko raMwari, kana ndiri chikamu chaMwari. Ndiri chikamu chaWilliam Branham; ndiri muzvikamu, uye nhengo yose chikamu changu. Uye Shoko rose raMwari rinofanira kukwanira mweya wangu, rinofanira kukwanira munhu wangu wemukati, rinofanira kukwanira mararamiro angu, Rinofanira kukwanira pfungwa dzangu. Kana pfungwa dzangu dzichipesana naRo, zvino Mweya waMwari haugare mandiri. Ndizvo chaizvo. Haukwanise kuramba rimwe reShoko raRo.

<sup>179</sup> Uri nhengo yemumwe wemitumbi iyi. Unofanira kudaro, zvinofanira kudaro. Zvinoreva kuti Mutumbi waMwari, kubudikidza neShoko; kana mutumbi waSatani, kubudikidza nekereke. Zvino nyika yose inofanira kuve nhengo yeimwe kereke; inonamata mumwe mwari. Unofanira kunamata kuda mwari wezivo, unovimba nezvaunonzwa kubudikidza nezivo, unovimba *nezvakati*, kana *zvokuti*, kana *zvimwewo*; kana kuti unovimba neShoko raMwari, nokutenda, wakaMutarisa kuti aRisimbise uye nokuRiita kuti rive mazvirokwazvo.

Kereke yemazvirokwazvo yaMwari yakatarisa  
pakuuya kwezuya remufaro reMireniyamu,  
Apo Ishe vedu vakaropafadzwa vachauya  
kuzobvuta Mwenga waVo akamirira;  
O, mweya wangu wakazara nemufaro  
mukuru pandiri kushanda, ndakatarisa  
ndichinamata,  
Nokuti Ishe vedu vari kudzoka panyika  
zvakare.

O, Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare,  
Satani achasungwa kwechiuru chemakore,  
tichange tisina anotiyedza zvadaro,  
Mushure mokunge Jesu adzoka panyika  
zvakare.

<sup>180</sup> O, vanhu vemuUnited States ino, uko kuri kuenda Mharidzo iyi zvino, tizai nokukwanisa kwenyu kwese kubva pazera rino rezivo, resainzi ratiri kurarama mariri. Tizirai kuShoko raMwari!

Iwe, ini, hapana mumwe anokwanisa—anokwanisa, anoRiziva. Hapana anokwanisa kuRiratidza. Mwari vanoratidza

Ivo pachaVo. Hapana ane kodzero yekuRidudzira; ini, hapana mumwe munhu ane kodzero. Mwari vanoZvidudzirira pachaVo. Vakaita vimbiso. Vakati Vaizoita izvi mumazuva okupedzisira.

Zvino mumazuva okupedzisira mwari wezera rino rakaipa achapofomadza meso evanhu, nezivo yake yenjere, iri pamuti wemasanganiswa ezvakanaka nezvakaipa, waachiri kupa kuvanhu. Uye hepanoi pouya, chinhu chiya chiri kusvika kumagumo, sangano riya rakabva kare kumashure muZera Rerima, nekumashure kweZera Rerima, zvose zviri kuguma zvave mumunhu wepamusoro-soro, Satani, uyo akati, “Ndichazvikwiridzira pamusoro pevanakomana vaMwari, uye vachanditeerera.” “Uye iye saMwari achagara mutembere yaMwari, zvino vanakomana vaMwari vachanyengerwa vozvigamuchira.”

<sup>181</sup> Handiti, mwanakomana waMwari, akati, “Saka, mudzimai wangu, hazvina; akanaka . . .” Enda mberi, chingoenda mberi. Maona?

Unoti, “Zvakanaka, Vakati ‘vanakomana vaMwari.’” hongu, changamire.

Munhu, angave ani hake, akagadzirwa ari mumufananidzo waMwari, kuitira kubwinya kwaMwari. Zvino mudzimai chinhu chakagadzirirwa murume, kwete Mwari. Ndizvo chaizvo. “Zvino vanakomana vaMwari pavakaona kuti vanasikana vevanhu vakanga vakarurama pachiso, vakazvitorera vakadzi.”

“Zvino sezvazvaiva mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichazova pakuuva kweMwanakomana wemunhu.”

Iye zvino tarirai, kana muchida kuona chinhano chiri kereke, tarisai chinhano chiri madzimai, munoona, nokuti mudzimai ikereke. Tarisai zvaari kuita, munoona, uye muzera rino rakaipa rohupfeve.

<sup>182</sup> Tarirai, pakanga pasina guta rakaipa, rine utsinye, rakaderera, rehupfeve pano pasi, kudarika Nazareta, zvino kubva imomo Mwari vakasarudza mhandara. “Pangaite chakanaka here chingabva muNazareta?”

Uye kubva muzera rino rakaipa, apo mwari wezera rino apofomadza meso evanhu, nezvitendwa zvavo nemasangano; kubva muzera racho iroro, Mwari vari kusarudza vanhu kuitira Zita raVo.

Kunyange pano vakarambwa pamwe nokushorwa, rimwe zuva Ishe vachaunza Vasanangurwa vavo mukati mesuwo, uye zvinokosha kudarika zvose.



Zvino tichaimba nokudanidzira, pamwe  
 nokutamba,  
 Gwayana richiaomesa misodzi yedu;  
 Tichava nesvondo remufaro wekuuya  
 kumusha,  
 Zviuru gumi zvepakore zvekutanga.  
 (Ndizvozvo chaizvo.)

Vanhu vanoshamisa kuitira Zita raKe uye  
 vanodanwa kunzi Mwenga waKe. (Ndizvo  
 here?)

Kunyange vachirambwa pamwe nokushorwa,  
 rimwe zuva Ishe vachauza  
 Vasanangurwa vava mukati mesiwo,  
 (mueksodho) zvino izvozvo zvinokosha  
 kudarika zvose kwandiri.

<sup>183</sup> Ndave kuzova mutana. Uye mazuva angu ave kutanga kunyangadika; uye meso angu ave kutanga kusanyatsoona; uye mwenje wangu muduku wehupenyu wave kutanga kubvirira pasi. Handitye rima. Nokuti ndinoda kutaura izvi, naPauro, “NdinoMuziva musimba rokumuka kwaKe kuvakafa.” Hazvina basa kuti vanondiviga kupi, kana ndikanyura mugungwa, kana kutsvira mubiravira remoto, kana kudyiwa neshumba, Vachadana zita rangu, uye ndichataura. Amen!

Ngatinamatei.

<sup>184</sup> Kana paine imo muno, kana kunze kunhare dzeMharidzo ino kwese munyika, mumakereke enyu maduku nemapoka nemahoro, nekwise kwamakagara, kana paine mumwe chete, o, rega ndikunyengetedze; rega ndikugombedzere, semushumiri weEvhangeri; rega ndikugombedzere, nemuZita raJesu Kristu; tiza hashu dziri pazera rino rakaipa! Usashumire mwari wezera rino rakaipa.

O, ndinoziva kuti munoti, “Zvakanaka. Vakanaka.” Ndizvozvo chaizvo, muti wemasanganiswa. Haukwanise kusanganisa zivo neShoko raMwari.

Ishoko rinofanira kutendwa nokutenda, kwete nezivo. HauRinzwisise; unoRigamuchira. Unoti ndeRemazvirokwazvo, zvino worarama raRo. Ndizvo zvoga zvaAnokukumbira kuti uite.

Kana paine chero aripo pano muboka redu, hatikwanise kudanira vanhu kuartari kukuunzai kumusoro kuno, nokuti hapana nzvimbo; kana kunze panhepfenyuro, uko vari padzinhare, kana paine mumwe asingaMuzive. Usarega . . .

<sup>185</sup> O, madzimai, ndakutukai mangwanani ano, kwete ini, ndangotaura kubva muShoko. Vhudzi pfupi, kupfeka hanzu dziya duku, ugoita mapfekero anokwezva ruchiva, hauzive here kuti mweya uyo . . . Unogona kunge wakachena, hanzvadzi,

mudikani, kana tichirevera pamuviri wako, asi mumunhu wako wemukati hauoni here chakakubata?

Ko Mwari vangaita here kuti mwanasikana wavo apfeke zvinokwezva ruchiva kuitira kuti vagonyengera mwanakomana waVo, kuti amuchive, kuvaita kuti vari vairi vapindurire upombwe? Ko Vangazviite here, hanzvadzi? Zvibvunze mubvunzo iwoyo. Kwete, kwete nemamiriyoni gumi emamaera. Usaisa zvakadaro panaMwari.

<sup>186</sup> Hama, mwari vakakupa here mweya wenyika ino kusvikira pokuti hauchakwanisa kuona kuti zvakaipa? Apofomadza here meso ako, kuzvitevedzwa zveKereke, sangano, chitendwa, nezvimwe zvakadaro, zvokuti hausi kukwanisa kuona kuti Mwari vari kusimbisa Shoko raVo uye vachiRiita kuti rive saizvozvo? Ko basa rako, ko mukuru wako wepabasa, ko mudzimai wako, ko vana vako, ko kereke yako, kana chipi hacho chinhu, chakupatsanura kubva paShoko raMwari, rinova iro chitubu choga cheUpenyu? Chitize, hama yangu! Ndinokudai, nerudo rwehumwari. Handiremekedzi hama dzangu zvakadarika imi, kwete zvachose. Dai ndaizviita, ndaizoratidza ruremekedzo rwevanhu. Handitaure zvinhu izvi kukuitai kuti mushatirwe. Ndinoratidza, kutaura zvinhu izvi nokuda kwekuti zviri muShoko raMwari. Uye semuranda waMwari, uye nerudo rwaMwari mumoyo mangu, ndinokuudzai zvinhu izvi kuitira kuti muone mugonzwisisa. Pamwe hamaizoziva kana ndikasakutaurirai. Mungaritize here nhasi?

Iye zvino, nekwese munyika yose, ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>187</sup> Mwari Vanodikanwa, pamberi pangu pakaradzikwa mahengechepfu. Vanhu vari kurwara; ndiri kuisa mawoko angu paari, kuti Mugovapodza.

<sup>188</sup> Uye ndinovimba, Ishe, manheru ano, kuti pachava neshumiro huru, zvokuti Simba raMwari richange riri pano, zviratidzo nezvishamiso zvikuru. Sokunzwa kwatakaita kune zvakabuda mumisangano mishoma yakapfuura, zvaive zvikuru, kuona zvakaikaitika! Ndinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti mugotipa mugove wakapetwa kaviri manheru ano. Ndinozvinamatira nemoyo wakaperera, Ishe, nokuti rudo rwangu kwaMuri neShoko reNyu, nekune vanhu ava. Zviitei, Mwari vanodikanwa.

<sup>189</sup> Uye kana kunze uko munyika, kana kunyange imo muno zvino, kana paine vamwe vanorwara nokutambudzwa, uye vachafanirwa kunge vaenda manheru anhasi, vachange vasipo pano, kana kuva kunze uko mumakereke kana kunzvimbo dzavanosangana; ndinonamata kuti Muvapodze. Zvino, Ishe, asi pakupodzwa kukurusa! Kana Mukapodza mitumbi yavo yepanyama kubva kukenza, TB, mabayo, zvimwewo, vanozorwara zvakare, pasina kupokana, kana vakararama

kwenguva yakareba, nokuti mitumbi yavo ichiri pasi pechivi, chituko. Asi regai vawane ku—kupodza chaiko kwaMwari, kupodzwa kwemunhu wemukati, kunoita chisikwa chitsva, chinobva kurufu chichipinda muHupenyu, uye zvino vakamirira mutabhanakeri tsaru iyi kudzikinurwa kwemutumbi mushure mekunge munhu wemukati adzikinurwa. Zviitei, Ishe.

<sup>190</sup> Dai vakatiza masangano nezvitendwa. Mwari, kunze uko muzvitendwa nemasangano ndakasangana nedzimwe dzehama dzakanakisa. Uye, Mwari, ko ndingazvitaure sei kuti vaone, uye nokuvaita kuti vaone Shoko? Zvinondinetsa. Asi ndinozivawo, zvakare, kuti Makati, “Hapana munhu anogona kuuya,” zvisinei kuti akanaka sei, munyoro zvakadini, akapfava zvakadini, “kunze kwekunge Baba vaNgu vamudana. Uye vose vaNdakapiwa naBaba vaNgu, vachauya.” Uye, Ishe, ndinonzwa mungava wangu ini wokutaura Chokwadi.

Uye kwete sezvakataurwa naPauro, “Kubata Shoko raMwari nohunyengeti,” nezvitendwa zvesangano zvakasanganiswa imomo maRiri, semuti wemasanganiswa ezvakanaka nezivo, zvakanaka nezvakaipa; asi nemoyo wakazaruka neMweya Mutsvene. Zviitei, Mwari. Ponesai munhu wose.

<sup>191</sup> Zvino takakotamisa misoro yedu nemeso edu akavharwa. Uye kwete kwandiri... handikwanise kuzvitaure nenzira iyi, “Hazvina mutsauko wazvinoita kwandiri kana mukazviita kana mukarega.” Hazvina mutsauko wazvinoita kwandiri. Ndinokudai. Uye ndine tariro yekuti hamufungi nokuda kwekuti ndinotaura nezvinehasha... SaPauro akati, “Ndinoda kunge ndiri pamwe chete nemi, uye ndingashandura maonero angu.” Zvakanga zvisingareve kuti aisavada; aivada. Kwete... SaJesu akatovatsiura, zvino ndokuvafira. Munoono, “Baba, varegererei; havatombozivi zvavari kuita.” Kufunga kuti, munhu anoda kunge akarurama, uye achiedza kunge akarurama, uye nokuona dhiyabhore uya... Ndiye wacho wandiri kupikisa, uyo akapofomadza meso evanhu ava.

<sup>192</sup> Nyika ino inofanira kunge iri kubvira nekubwinya kwaMwari, ichiona zvakaitika mairi muzuva rino rokupedzisira, rino rokupedzisira. Seiko rumutsiriro urwu rwusina kurova nyika idzi? Uku kuMahombekombe oKumadokero necheuko, kuresa kwekumadokero kwaungaenda. Iye zvino chidzitiro chechivi chakatinhira zasi pasi penyika, zvino iri kunyura; nzvimbo, neLos Angeles neHollywood, zviru kunyura mainchi akati paawa rimwe chete, hapana nzira yokuzvimisa. Hongu, tave pano. Chero nguva zvino tichanzwa kudaidzwa. Kana muchizviza... .

Iye zvino, pasawane munhu anotarisa. Asi kana uchiziva, kubva mumoyo mako... Ndiri kukubvunzai. Handikwanise kuziva moyo wako, kunze kwekunge Mwari vazvizarura. Asi kubva mumoyo mako, kana ukaona kuti hausu paunofanira

kunge uri naMwari neShoko raKe, mukutenda, haungasimudze here ruwoko rwako kwaVari, uti kwaVari, “Ishe, Imi ndibatsireiwo.” O Mwari! Kubva muno mukereke, yakazara, yakazara kupoteredza nekumadziro, mukati nekunze, chaizvoizvo mazana emawoko, kuda mazana maviri emawoko asimudzwa. Maita henyu nokutendeka kwenyu.

<sup>193</sup> Jesu anodikanwa, musarega mumwe wavo achirasika. Semuranda weNyu, akamira pakati pevapenyu nevakafa, achivanongedzera, nemunwe, kuShoko raMwari. Handikwanise kuvaponesa, Ishe, asi vanoda kuponeswa. Uye, Baba, sokutaura kwandakaita kakawanda, zuva rinobuda mangwanani; zvino parinenge richiuya nepamusoro penyika, rakatumwa naMwari kuti riibvise mbeu, kuti rigadzire chokudya chepanyama kuitira kurarama panyama. Asi, O Mwari, Makati, “Kune avo vanotya Zita raKe Zuva rokururama richasimuka riine kupodzwa mumapapiro aRo.” Regai Zuva rokururama, Shoko raMwari, risimuke mumoyo yevanhu, uye mirazvu yekupodza yekutenda muShoko iroro kupodze kusateerera kwese kuShoko, uye nokuvaunza muhuzaro hwevanakomana nevanasikana vaMwari.

NdeveNyu, Ishe. NemuZita raJesu Kristu, vose vari pano nevari kunze kunhepfenyuro, ndinounza avo vasimudza mawoko avo kwaMuri kuti vaponeswe pamweya yavo. Amenii.

Ikoko mweya wangu wakabvutwa uchawana  
(Kupi? Paartari ino.)

Zororo mhiri . . . (nokutenda ndinotarisa mhiri  
uko kwandiri kuenda)

Pedyo nemuchinjikwa, (ndipo pakarembere  
Shoko). . . muchinjikwa,  
Kuve kubwinya kwangu narinhi;  
Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana  
Zororo mhiri kwerwizi.

Jesu, ndichengetei . . . (Uyo, akarovererwa  
pamwe chete naYe, haachada  
chinhu chemunyika. “Ndichengetei  
ndakarovererwa.”)

Pane tsime rinokosha,  
Rakazarurirwa kune wese, hova inopodza,  
Inoyerera ichibva patsime reKarivhari.

Mumuchinjikwa, mumuchinjikwa,  
Kuve kubwinya kwangu (ngatisimudzei  
mawoko edu) narinhi;  
Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana  
Zororo mhiri kwerwizi.

<sup>194</sup> [Hama Branham zvino vanotaura nevanoridza mumhanzi—  
Mupepeti.] “Ndiri kunzwa Muponesi wangu achidana.”

Sveverera ugobata ruwoko rwemumwe munhu, zvino ugoti, “Mwari vakuropafadze, Mukristu.”

[Hama Branham vanotaura zvakare nevanoridza mumhanzi—Mupepeti.] “Ndiri kunzwa Muponesi wangu achidana.”

Muri kunzwa Hupo hwaKe? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Kunzeuko uko kumasaisai enhare, imi mose gwinhanai chishanu kunze uko, zvino iti, “Mwari vakuropafadze, Mukristu.”

<sup>195</sup> Munoziva, pane chidziva chemvura seri kuno uku. Ari kutora vanhu vakapfeka Zita raKe. Kana usati wabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, pane chidziva, pane nguwo, pane murume akamira akagadzirira. Unogamuchirwa, kana uchinge wagamuchira Kristu zvechokwadi seMuponesi wako uye uchitenda kuti ichi iChokwadi.

<sup>196</sup> Rangarirai, hapana kumbova nemunhu muBhaibheri, kana imwe nguva zvayo iri kumashure kwekurongwa kwekereke yeKatorike, akambobhabhatidzwa neimwe nzira kunze kwemuZita raJesu Kristu. Hapana nzvimbo inowanikwa muRugwaro, kana munhorooondo, pokuti mumwe munhu akambobhabhatidzwa, muKereke yaMwari mupenyu, muzita remadunhurirwa ana “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Idzidziso yeKatorike, uye haisi dzidziso yeBhaibheri.

<sup>197</sup> Pandaiva nehurukuro ndichibvunzwa nemuprisita, ndakamubvunza izvozvo. Akati, “Ichocho ichokwadi. Asi isu ndisu kereke; tinogona kushandura chose chatinoda. Kuyereswa kuri mukereke. Mwari vari mukereke yaVo.”

<sup>198</sup> Ndakati, “Mwari vari muShoko raVo. Uye kana kereke iri. . .” Ndikati, “Mwari IShoko. Uye kana kereke ichipesana neShoko, zvararo handitendi kereke.”

Ndinorega shoko remunhu wose kuti rive renhema, angadai ari muprisita, papa, chero zvaangava, uye Shoko raMwari rive rechokwadi.

Uye Pauro akaita kuti munhu wese, zvisinei kuti akabhabhatidzwa sei, kana ainge asina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, kuti auye agobhabhatidzwa zvakare.

<sup>199</sup> Uye mushure mokunge vamwe vagamuchira Mweya Mutsvene, Petro akati, “Tingadzivisa here mvura, tichiona kuti ava vagamuchira Mweya Mutsvene,” Mabasa 10:49, “tichiona kuti ava vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita paku. . .” Zvino akavaraira, “Musati mabva panzvimo, kunyange magamuchira Mweya Mutsvene, uyai muzobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.”

Nokuti, Petro akapiwa kiyi dzekuHumambo, achiti, “Chose chamunosunga pano panyika, Ndichachisunga Kudenga.” Zvino kiyi inoitei? Inokinura chimwe chinhu, chakavanzika.

<sup>200</sup> Zvino Jesu paakati, “Endai, munovabhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” ndokuzviisa ipapo kupofomadza uyo asingatendi.

Tarirai! Sei Petro asina kuita saizvozvo, shoko neshoko? Aitofanirwa kudaro.

Kana munhu akabhabhatidzwa mumadunhurirwa, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” haana kumbobhabhatidzwa zvachose; haana Zita. *Baba* harisi zita, *Mwanakomana* harisi zita, uye *Mweya Mutsvene* harisi zita. Mweya Mutsvene ndizvo zvaUri; sokuti, ini ndiri munhu. Iwo Mweya Mutsvene.

*Baba* idunhurirwa; ndiri baba. *Mwanakomana* idunhurirwa; ndiri mwanakomana. *Munhu* idunhurirwa; ndizvo zvandiri. Asi zita rangu ndiWilliam Branham.

Zvino Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene iZita rokuti “Jesu Kristu.” Jesu akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu.” Nderipi Zita raBaba? Mwanakomana wese anouya muzita rababa vake. Zvino Zita raBaba ndiJesu Kristu. Maona? Muri kuona zvandiri kureva?

<sup>201</sup> Kana ndikakuudza kuti uende zasi unonditorera chimwe chinhu kubva pakaunda zasi uko, muzita rameya weguta. Vangani vanoziva kuti meya weguta ndiyani? Shamwari yangu yakanaka, Rich Vissing. Saka, haungamboenda zasi ikoko zvino wosvikoti “nemuzita rameya weguta.” Unoti, “Nemuzita raRichard Vissing.” Imi vanhu vemuno muJeffersonville munoziva kuti ndiyani.

Uye ndicho chikonzero Akati, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Maari munogara Humwari, huzaro weHumwari mumutumbi. Akati, “Vabhabhatidzei muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.”

<sup>202</sup> Petro amirepo aine chizaruro apo pachu paAkavakira Kereke, chokuti Iye Aive ani, akati, “Tendeukai, imi mose, mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.” Uye hapana kana. . . Makiyi akatenderera Kudenga nepasi. “Hapana rimwe Zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu raungaponeswa naro.”

<sup>203</sup> Sei uchibhabhatidza nemuZita raJesu Kristu? Kuti uregererwe zvivi zvako. “Uyo ane zvivi zvamaregerera, kwavari zvaregererwa.” Maona? Asi kana mukafunga kuti haana kufanira uye haakodzeri kuti abhabhatidzwe, usazviita. Nokuti, paunozviita, zvinobva zvaita, munoono. Mabata zvandiri kureva?

Ndiri kunzwa wangu Mupo-... (Shoko)  
 achidana, (kudana zasi uko kubwiro)  
 Ndiri... ("Haungafe here neNi, kuitira kuti  
 uzomuka neNi?")... -nisi achidana,  
 Ndiri kunzwa Muponesi wangu achidana, (ko  
 nyika ichiti kudini?)  
 "Tora muchinjikwa wako, ugotevera,  
 tevera..."

Zvino, kana usina kumbobvira:

KwaAno (Iye iShoko) anonditungamira ndi...  
 (hecho chidziva)  
 KwaAnonditungamira ndichatevera,  
 KwaAnonditungamira ndichatevera,  
 Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

Ngatikotamisei musoro wedu.

<sup>204</sup> Mwari vanodikanwa, chidziva chagadzirirwa. Iye zvino taurai kumoyo, Ishe. Dai vakanzwa Kristu, Shoko, achivadana, zvino vozoenda naYe nzira yose.

"Ndichaenda naye nemubindu. Ndichaenda naYe kuchidziva. Ndichatora Zita raKe. Ndinoda kuva mumwe wevanhu vaAri kudana kuitira Zita raKe. Ndichatenda Shoko raKe. Ndichatevera. Handichatambi-tambi nenyika zvachose. Ndichava Mwenga wechokwadi, ane chitsidzo. Handisi kuzosiya kana kachidimbu kadukusa keShoko raKe. Chikumbiro chose, ndichava Mwenga wemazvirokwazvo, wechokwadi. Chose chaAnondikumbira kuti ndiite, ndichachiita.

"Kana Murume wangu ari kuuya achida kuti vhudzi rangu rikure, ndichazviita. Kana Achida kuti ndibvise pendi dzose dzekumeso, ndichazviita. Kana Achida... Anondiudza kuti mweya wakaipa, wakaipa uyo wandiri kutamba-tamba naye, neidzo nguwo dzinokwezva ruchiva; ndichazviita, ndichadzikumura. Handina basa nezvinotaurwa nemumwe munhu, ndichadzikumura.

"Achida kuti ndibude kubva muboka iro randiri mariri, revasingatendi, ndichazviita; kunyange ndichiwana chinondiraramisa, kana chingava chii. Akavimbisa kuti haAzombofa akandisiya kana kundirasa. Ndicha—ndichazviita. Ndichaenda naYe nzira yose. Achida kuti ndibhabhatidzwe muZita raKe, ndichazviita."

Ishe, Makazvivimbisa muShoko renyu pano, ndizvo zvaManga muchida. Dai munhu wese azviona, Ishe, uye mukutapira, mukuzvininipisa oRigwadamira. NemuZita raJesu ndanamata. Amen.

<sup>205</sup> Uri waMwari. Dai Mwari vakatora mashoko maduku akatyoka vagoaita mazvirokwazvo kwamuri, ndiwo munamoto wangu wakaperera.

Chidziva chichange chagadzirira. Chero munhu anoda kuuya, vane...Mushumiri achazvizivisa muchinguva chinotevera. Chero munhu atendeuka anoda uye achida kubhabhatidzwa, pachishandiswa Zita raJesu Kristu, chingouya zvakadaro. Zvinhu zvose zvagadzirirwa. “Zvinhu zvose zvagadzirirwa.” Chose chatingagone kuita kukubatsira kuti uraramire Mwari, tiri pano kuzviita. Mwari vakuropafadzei.

<sup>206</sup> Zvino ngatisimukei. Iye zvino kambo kedu kaduku, *NdinoMuda*. “NdinoMuda nokuti Akatanga kundida.” Ngatichiimbei, munhu wese zvino.

NdinoMuda, . . .

Ngatisimudzei mawoko edu patiri kuchiimba.

. . .ndinoMuda

Nokuti Akatanga kundida

Akatanga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

Takakotamisa misoro nemoyo yedu zvino, ngatichiimbei kwaAri nemahon’era. [Hama Branham vanotanga kuimba nemahon’era *NdinoMuda*—Mupepeti.]

NdinoMuda.

[Hama Branham vanoenderera mberi kuimba nemahon’era *NdinoMuda*—Mupepeti.]

O Mwari, Baba vedu, ivaiwo netsitsi kwatiri zvisikwa zvinonzwisa urombo, Ishe. Tisimbisei kuitira basa riri mberi. Ndibatsirei, O Mwari, ndibatsirei! Ndiri kunzwa kuti chimwe chinhu chakarara iko kuno chaiko, Baba. Ndibatsirei, O Mwari, kuziva Chokwadi. Ropafadzai vanhu ava, Mwari vanodikanwa. Vatungamirirei, ndanamata, nemuZita raJesu.

<sup>207</sup> Iye zvino apo takakotamisa misoro yedu, ndinoda kukumbira mufundisi pano, Hama Neville, hama yedu yakakosha, vafambe vachikwira iko kuno zvino vagotaura zvavari kuda, kuti pamwe...pamusoro perubhabhatidzo. Ndingazongozvizivisa. Ndinofunga kuti chidziva chazarurwa, zvino.





*MWARI WEZERA RINO RAKAIPA* SHO65-0801M  
(The God Of This Evil Age)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 01 Nyamavhuvhu, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2016 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)